Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы оргæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы
1990
АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ
5
ЦЫППÆРÆМ
№ 66 (17748)
Аргъ 3 кап.

НОГ ЗАКЪОНТÆ

СЦТА-йы ПАРЛАМЕНТОН УАЦХÆСДЖЫТÆ ХЪУСЫН КÆНЫНЦ КРЕМЛÆЙ

ССР Цæдисæй цæдисон республикæйы рацыдимæ баст фарстатæ лыг кæныны фæткы тыххæй Закъонмæ дыккаг хатт каст æрцыд 3 апрелы ССР Цæдисы Сæйраг Советы палатæты хицæн æмбырдты. Уыдон цы документ сфидар кодтой, уый йæ тыхы бацæудзæн ныммыхуыр æй кæныны фæстæ. Закъонмæ гæсгæ Советон Цæдисæй рацæуыны фарста лыггонд цæуы, республикæйы зæххыл иудадзыг чи цæры, ССР Цæдисы уыцы граждæнты хъæлæстæм гæсгæ. Рацæуыны уынаффæ рахæссынæн хъæуы тæккæ къаддæр хъæлæсты дыууæ æртыццаг хайы. Уый фæстæ ССР Цæдисы адæмон депутатты Съезд нысан кæны, 5 азæй фылдæр чи хъуамæ ма уа, иуæй иннæмæ раивыны ахæм рæстæг, уæдмæ хъуамæ бæстонгонд æрцæуой исбоны æмæ финансон-æфстæуутты ахастдзинæдтæ Цæдисы æмæ хицæн республикæты 'хсæн.

Депутатты размæ æркæсынмæ æвæрд чи 'рцыд, уыцы Закъоны проекты хыгъд æрцыдысты, фыццаг ныхасы рæстæг депутаттæ кæй скодтой, уыцы фиппаинæгтæн сæ фылдæр. Зæгъæм, бæлвырддæргонд æрцыд, проектмæ гæсгæ республикæйы зæххыл цæдисон Конституци æмæ закъонтæ сæ тыхы куы сты, æппæтадæмон хъæлæсы фæстæ иуæй иннæмæ раивыны уыцы рæстæджы тыххæй статья. Ногæй куыд нысангонд цæуы, афтæмæй, æппæтадæмон хъæлæсы бæрæггæнæнтæм гæсгæ ССР Цæдисæй цæдисон республикæйы рацыды тыххæй уынаффæ куы нæ 'рцæуа, уæд уыцы фарстайы фæдыл ног æппæтадæмон хъæлæс арæзт æрцæудзæн уыйразмæйæ тæккæ къаддæр дæс азы фæстæ. Иннæрдыгæй, фидаргонд æрцыд, республикæйы хицаудзинады уæлдæр оргæны кæнæ, йæ зæххыл иудадзыг чи цæры æмæ ССР Цæдисы закъонтæм гæсгæ хъæлæсы бар кæмæн ис, уыцы граждæнты дæсæм хайы хъæддых домæнмæ гæсгæ, цæдисон республикæ ССР Цæдисæй рацæуа, уый фæнд ногæй равдисæг æппæтадæмон дыккаг хатты хъæлæс саразыны тыххæй уагæвæрд. Агитацийы бар нæй æппæтадæмон хъæлæсы рæстæг, хицæнæй хыгъд цæуынц, национ къордтæ иумæ кæм цæрынц, уыцы районты хъæлæс кæныны бæрæггæнæнтæ.

Кусæг къамис кæуыл не сразы, уыцы срастгæнинæгтимæ сты иуæй-иу депутатты фæндæттæ, рацæуыны уынаффæ рахæссынæн хъæуæгæ хай адæмы æртæ цыппæрæм хай скæныны тыххæй, æппæтадæмон хъæлæс кæй хъæппæрисæй арæзт æрцыд, уыцы парламент фехалыны тыххæй, ахицæн уæвыны фарслæуджытæ хъæлæсты бирæ фылдæр хай куы нæ райсой, уæд.

Палатæты ныхас равдыста, проект бирæты зæрдæмæ кæй нæ цæуы. Депутатты иу хай разы нæу, документ фидыдмæ æгæр цæттæ æмæ лæмæгъ кæй у, уый, иннæтæ та йæ æгæр тызмæгыл нымайынц. Гуырдзиаг делегаци проекты ныхмæ хъæлæс кæндзæн, уый зæгъæг депутат Т. П. Буачидземæ гæсгæ ныхас цæуы «ССР Цæдисæй нæ рацæуыны закъоныл». Депутат Г. С. Итигян нымайы афтæ, æмæ закъоны проектыл ныхас ноджыдæр иу хатт равдыста: парламент цæуы цауты фæдыл, йæ армæ дары уæвæрыл. Федерацийы мидæг нæрæдзинæмæ ног ахастдзинæдты бындуртæ æвæрæг закъонтæ куы нæ ис, уыцы æууæлты республикæты рацыды тыххæй документ саразыныл тагъд-тагъд куыст лæууы хуымæтæджы логикæйы ныхмæ.

Уыцы закъонæн æцæг байрæджы, æмæ раст уыцы уавæр хъæддых æмæ тагъд архайын домы, афтæ нымайы депутат Е. В. Коган.

Документмæ бахаст срастгæнинæгты нымæц у тынг чысыл. Уыдонæй иумæ гæсгæ, Цæдисæй цæуæг республикæ фиды, республикæйы граждæнты æндæр ранмæ ралидзын кæнынимæ баст хæрдзтæ. Бæлвырдгонд æрцыд республикæйы рацыдыл разыдзинад ногæй равдисæг дыккаг æппæтадæмон хъæлæстæ дæттыны уаг. Уымæн уæвæн ис æрмæстдæр иунæг хатт иу ранæй иннæмæ ивыны фондзазон æмгъуыды фæстаг аз.

Уыцы бон ма кæронмæ ахæццæ «æвзæрстыты марафон» Цæдисы Советы. Æппынфæстаг палатæйæн фæзынд сæрдар. Уый ссис газет «Известия»-йы сæйраг редактор И. Д. Лаптев.

Палатæйы уæнгтæ дыккаг каст бакодтой закъоны проект сæрмагонд уавæры барадон уаджы тыххæй. Уый размæ йæ хорзыл банымадта Нацты Совет. Статьятыл хицæнæй хъæлæс кæнгæйæ, уыцы барадон акт фидаргонд æрцыд. Йæ ныммыхуыр кæныны фæстæ уый дæр бацæудзæн йæ тыхы.

Æртыццæджы та Сæйраг Советы уæнгтæн уыдзæн хицæн æмбырдтæ палатæты.

* * *

ССР Цæдисы, цæдисон æмæ автономон республикæты экономикон ахастдзинæдты тыххæй Закъоны проект Нацты Советы дыккаг хатт каст æрцыд; ныхас райдыдта 4 апрелы ССР Цæдисы Сæйраг Советы æртыккæгæм сессийы радон кусгæ бон. Уыцы документ дыууæ палатæйы дæр куы сфидар кæной, уæд йæ тыхы бацæудзæн инназ 1 январæй фæстæмæ.

Барадон акты ног редакци зынгæ фылдæр кæны цæдисон æмæ автономон республикæты бартæ финансты, фиддонтæ æвæрыны, фæрæзтæй, æрдзæй пайда кæныны фарстаты. Уыдонæн ис æддагон экономикон архайды, пъланаразынады, бюджет аразыны бар, сæ бон у суанг цæдисон оргæнты уынаффæты архайд бауромын, республикæтæн зиан куы хæссой, уæд.

Цæдисы бæрны ис хæдзарадон æмæ æппæтцæдисон базары архайды иумæйаг закъонæвæрæн бындуртæ æвæрын, ССР Цæдисы фиддонты уаг нысан кæнын, æргъты иумæйаг политикæ æххæст кæнын, финансты - æфстæуутты æмæ æхцайы зилдухы иумæйаг уаг амонын, иумæйаг транспортон æмæ энергетикон фæрæзтæн уынаффæйад æмæ къорд æндæр фарстайы.

Фæлæ уæддæр, тынг куы стгонд чи 'рцыд, уыцы проектыл дæр ногæй рауад карз быцæуныхас. Кæд æй бирæ фылдæр хай хорзыл нымайынц, уæд депутат В. С. Адвадзе та загъта, закъоны фидæн цины хос кæй нæу, ахæм документты бон, дам, у æрмæстдæр Советон Цæдисы хæлдмæ тырнындзинæдтæ фæтыхджын кæнын. Уыцы хъуыдыимæ не сразы сты ныхасы бирæ архайджытæ.

Йæхи хъуыды загъта депутат Чехойты А. Г. дæр: ахæм хуызы, дам, документты бон нæу, раздæрау æхсæджиаг экономикон бартæ кæмæн нæй, уыцы автономон облæстты æмæ округты хъысмæт фендæрхуызон кæнын.

Ныхасы фæстæ депутаттæ бавнæлдтой документ статьягай фидар кæнынмæ.

А. ПЕТРОВСКИЙ,
В. ШИЛИН.

НÆ ТЫХ—АДÆМТЫ ИУДЗИНАДЫ

ИРЫСТОНЫ ФÆЛЛОЙГÆНДЖЫТÆ СОЦИАЛИСТОН РЕСПУБЛИКÆТЫ ЗÆГЪЫНЦ: МА БАУАДЗÆМ СОВЕТОН ЦÆДИС ФЕХАЛЫН!

ХУЫЗДÆР — ИУ ХÆДЗАРÆЙ

Раст амоны ССР Цæдисы Президент М. С. Горбачев йæ сидты Литвайы ССР-йы адæмтæм кæй арвыста, уым: «Мах бирæ азты дæргъы цардыстæм иу хæдзарæй. Ау, уыцы рæстæг æрмæстдæр фауæн ныхасы аккаг у?.. Иумæйаг фæллойы, иннæ республикæты æфсымæрон æххуысæй нæ рæзыдысты уæ промышленность æмæ хъæууон хæдзарад?..»

Æмæ æцæгдæр афтæ у, мах æй нæхи куыстæй зонæм. Иу лæг ницы бакæндзæн, хъæздыг тыллæгыл тох кæнæм æппæтæй дæр. Иуæн йæ къухы цы нæ бафты, уым ын иннæ феххуыс кæны. Уæдæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты арт куы сыгъди, Советон Цæдис фашизмимæ куы тох кодта, уæд не 'ппæт адæмтæ æнгом куы нæ æрбалæууыдаиккой, уæд нæ фæтых уыдаиккам знагыл. Ныр дæр афтæ, рацарæзт йæ тæккæ тæмæны куы бацыдис, дыс-вæлдæхтæй кусын куы хъæуы, уæд та Литвайы адæмон фронт «Саюдис»-ы разамонджытæ æппæт советон адæмтыл дæр, стæй сæхи адæмыл дæр гадзрахатæй рацыдысты. Уый раст нæу. Цалынмæ республикæ бынтон къуырцдзæвæнмæ не 'рцыдис, уæдмæ бамбарын хъæуы, стыр галиу фæнда... уый.

Мах колхоз «Кавказ»-ы зæхкусджытæ, стыр зæрдиагæй сидæм Литвайы адæмтæм, цæмæй сæ чи сайы, уыдоны коммæ ма бакæсой, уый тыххæй. Махмæ гæсгæ фæллойуарзаг Литвайы цæрджытæ уый бамбардзысты.

ДЗГОЙТЫ Еруслан,

...дæй ницы ис. Кæд сæ ССР Цæдисы иумæйаг æнгом хæдзары цæрын нал фæнды, уæд тыхæй никæйы уромæм. Куыд фæзæгъынц, бар сæхи. Æрмæст сæ зæрдыл хъуамæ бадарой иу хабар: 50 азы дæргъы иумæйаг цард фæкодтам. Нæ зæхх, нæ арв — иу. Литвайаг æмзæххонтæ не стыр цæдисы алы республикæты дæр ныппырх сты æмæ сæ алчидæр йæхи царды кой кæны. ССР Цæдисы иннæ адæмыхæттытæй дæр 200 мин адæймагæй фылдæр цæры Литвайы республикæйы. Афтæмæй бынæттон неформалты (мæнмæ гæсгæ та экстремистты) митингты сæйраг лозунгтæ вæййынц: «Литва — æрмæстдæр литвайæгтæн!», «Иннæ адæмтæ ахъуыдты уæнт Литвайæ!»

Зæгъæм, ССР Цæдисы разамонджытæ Литвайæн ахицæн кæныны бар радтой, уæд, æнусы æмбисы бæрц Литвайы бирæ бынтæ чи скодта, афтæмæй литвайæгтæ чи не сты, уыдонæн та куыд уыдзæн дарддæр сæ хъысмæт? Ууыл, æвæццæгæн, нæ ахъуыды кодтой, гуманизмыл йæхи чи хъары уыцы литвайаг неформалтæ.

Фæндзай азы дæргъы Литва æфсымæрон республикæты 'хсæн немæ иу хæдзары бинонтау фæцарди. Центр кæддæриддæр цæстуарзонæй æххуыс кодта Литвайы республикæйæн, лæвæрдта йын бирæ фæрæзтæ, цæмæй сæ адæмы цард хорздæр... æрцыданд ног цæрæн хæдзæрттæ, фабрикæтæ, заводтæ, культурон-рухсадон кусæндæттæ.

Æппæт уыцы хæрдзтæ Цæдисы иумæйаг фондæй радцух кодтой æмæ сæ Литвайы хай бакодтой. Фæстæзад паддзахадæй сырæзти иннæ республикæты æмсæр хъæздыг Литвайы Советон...

Мæн фидарæй уырны, неформалты фæнд куы сæххæст уа, уæд литвайаг интеллигенци, республикæйы разамонджытæ тагъд рæстæгмæ фæсмон кæй кæндзысты, уый. Уымæ гæсгæ, хуыздæр хъуамæ ахъуыды кæной сæ интеллигенцийы минæвæрттæ, аивад æмæ литературæйы кусджытæ, литвайаг адæмы хъысмæт хæстæг кæй зæрдæмæ лæууы, уыцы æмбæстæгтыл цалынмæ нæ байрæджы, уæдмæ адæмы рæстаг уынаффæ куынæ бамбарой, бынæттон неформалтæн æмæ экстремисттæн афоныл карз ныхкъуырд куынæ раттой, уæд тынг байрæджы уыдзæн. Литва бахаудзæн ноджы тæссагдæр уавæры.

ХУЫГАТЫ Валерия,
УСФСР-йы адæмон артисткæ.

ЦЫБЫРЗОНД УЫНАФФÆТÆ

Цымыдисæй хъусын æмæ кæсын, Литвайы паддзахады ныры разамынд, арф нæ хъуыды кæнгæйæ, æвиппайды цы æрдæгфых æмæ цыбырзонд уынаффæтæ æмæ закъонтæ рахæссы, уыдонмæ. Цы йæ бон у, уымæй архайы нæдæр Советон Цæдисы Президент М. С. Горбачевы ныхасмæ, нæдæр æппæт советон адæмы, дунейы æхсæнадон хъуыдымæ æрыхъусыныл. Æмæ уымæй йæхи цæсты æфтауы.

Мæнмæ гæсгæ, нæ бæстæйы ныры иумæйаг закъонты бындурыл цæрæм. Æмæ сæ аивыны бар не 'рмæст дæр ССР Цæдисы Сæйраг Советæн æмæ Президентæн. Цæдисон республикæйы закъонтæ хъуамæ хынцой йæ æппæт адæмты интерестæ æмæ бартæ. Уый куынæ уа, уæд уыцы закъонтæ барады ныхмæлæууæг сты, æмæ сын бындур нæй.

Экономикон æгъдауæй Литвайы республикæ хæдбар...

НÆ ТЫХ — ИУДЗИНАДЫ

Ацы бонты нæ мехкъорды уæнгтæ тынг æнæвдæлон сты. Сæ тæмæны бацыдысты уалдзыгон быдырон куыстытæ. Хъæздыг тыллæгыл тохы нын зынаргъ у алы кусгæ сахат дæр. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсæвæй-бонæй тракторты нæ бадæм. Сихор кæнæ къæвда рæстæг нын кæрæдзимæ сæмбæлыны фадат фæвæййы. Æмæ нæм уæд, æнæмæнг, ныхас рауайы, ныртæккæ бæстæйы цы цаутæ цæуы, уыдоныл. Мах стыр рæдыд хъуыддагыл нымайæм, Литвайы разамынд Советон Цæдисимæ, иннæ республикæтимæ баст дзинæдтæ бындуронæй халыныл кæй ныллæууыдис, уый. Дæсгай азтæ рацыд, не стыр Цæдисы хуыздæр æмæ зонджындæр адæм, уыимæ Литвайы разагъды минæвæрттæ дæр сæ хъысмæт кæрæдзимæ бабæттыныл куы куыстой, уæдæй нырмæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Махæн нæ тых нæ иудзинады ис. Уый фæрцы ныддæрæн кодтам, æгас дунейæн дæр тæссаг кæмæй уыд, уыцы немыцаг фашизмы.

Стæй ма æркæсæм нæ республикæты экономикæйы рæзты уавæртæм. Ис ахæм куыстуæттæ, йæ продукци бæстæйы æппæт горæттæм... бæстæйы æппæт республикæтæ дæр. Æмæ раст загъд ис ССР Цæдисы Президенты сидты Литвайы ССР-йы адæмтæм — «Искуыдæр ма уый æмбæлгæ у, республикæйы, йæ адæмы хъысмæт арæзгæ кæмæй у, æппæт бæстæйы интерестыл чи зыны, Конституцимæ уыцы срастгæнинæгты фарстатæ æвиппайды...

ССР ЦÆДИСЫ ПРЕЗИДЕНТЫ ПРЕСС-...

той, уыцы фиппаинæгтæн сæ фылдæр. Зæгъæм, бæлвырддæргонд æрцыд, проектмæ гæсгæ республикæйы æххыл цæдисон Конституци æмæ закъонтæ сæ тыхы куы сты. æппæтадæмон хъæлæсы фæстæ нуæй иннæмæ раивыны уыцы рæстæджы тыххæй статья. Ногæй куыд нысангонд цæуы, афтæмæй, æппæтадæмон хъæлæсы бæрæггæнæнтæм гæсгæ ССР Цæдисæй цæдисон республикæйы раивды тыххæй ... хаст куы не 'рцæуа, уæд уыцы фарстайы фæдыл ног æппæтадæмон хъæлæс арæзт æрцæуадзæн уыйразмæйæ тæккæ къаддæр дæс азы фæстæ. Иннæрдыгæй, фидаргонд æрцыд, республикæ-

разы нæу, документ фидарæ æгæр цæттæ æмæ лæмæгъ кæй у, уый, иннæтæ та йæ æгæр тызмæгыл нымайынц. Гуырдзиаг делегаци проекты нымæ хъæлæс кæндзæн, уый зæгъæг депутат Т. П. Буачидземæ гæсгæ нысаг цæуы «ССР Цæдисæй нæ рацæуыны закъоныл». Депутат Г. С. Итигян нымайы афтæ, æмæ закъоны проектыл ныхас ноджыдæр иу хатт равдыстæ: партимæ цæуы цауты фæдыл, йæ арм нæ дары уавæрыл. Федерацийы мидæг кæрæдзимæ ног ахастдзинæдты бындурт æвæрæг закъонтæ куы нæ ис, уыцы æууæлты республикæты рацыды тыххæй документ саразыныл тагъдтагъд куыст лæууы хуымæтæджы логикæйы нымæ.

æрцыд. Йæ ныммыхуыр кæныны фæстæ уый дæр бацæудзæн йæ тыхы.

Æртыццæджы та Сæйраг Советы уæнгтæн уыдзæн хицæн æмбырдтæ палатæты.

* * *

ССР Цæдисы, цæдисон æмæ автономон республикæты экономикон ахастдзинæдты тыххæй Закъоны проект Нацийы Советы дыккаг хатт кæсынæй райдыдта 4 апрелы ССР Цæдисы Сæйраг Советы æртыккæгæм сессийы радон кусгæ бон. Уыцы документ дыууæ палатæйы дæр куы сфидар кæной, уæд йæ тыхы бацæудзæн инназ 1 январæй фæстæмæ.

Барадон акты ног редак-

закъоны фидар ... кæй нæу, ахæм документты бон, дам, у æрмæстдæр Советон Цæдисы хæлдмæ тырпындзинæдтæ фæтыхджындæр кæнын. Уыцы хъуыдымæ не сразы сты ныхасы бирæ архайджытæ.

Иæхи хъуыды загъта депутат Чехоиты А. Г. дæр: ахæм хуызы, дам, документы бон нæу. раздæрау ахсджиаг экономикон бартæ ... уыцы автономон облæстты æмæ округты хъысмæт фендæрхуызон кæнын.

Ныхасы фæстæ депутаттæ бавнæлдтой документ статьягай фидар кæнынмæ.

А. ПЕТРОВСКИЙ,
В. ШИЛИН.

ССР ЦÆДИСЫ ПРЕЗИДЕНТЫ ПРЕСС-СЛУЖБÆЙЫ

Парахат æргомдзинады уавæрты цæудзæн ССР Цæдисы Президенты, цы кусæг оргæнтæ саразта, уыдоны архайд. Уый тыххæй фехъусын кодтой Президенты пресс-службæйы журналисттимæ фыццаг фембæлды. Брифинг уыдис 3 апрелы Мæскуыйы. ССР Цæдисы Президенты пресс-службæйы разамонæг А. А. Масленников загъта, М. С. Горбачевы амындзинадмæ гæсгæ тæккæ къаддæр къуыри иу хатт кæй уыдзæн ахæм фембæлдтытæ мыхуыримæ. Иудадзыг æмбæлдзæн журналисттимæ Президент йæхæдæг дæр.

ССР Цæдисы Президенты бынаты М. С. Горбачевы суанг тæккæ фыццаг бонты куыстмæ сæ хъус тынг æрдардтой советон æмæ фæсарæйнаг журналисттæ. Уыдонæн радзырдтой, се 'ргом тынгдæр бæстæйы рацарæзтытæ фæтагъддæр кæнынмæ арæзт кæмæн уыд, Президенты уыцы Советы æмæ Федерацийы Советы куыстыты, дунеон ахастдзинæдты Президенты хъуыддаджы санчъехты тыххæй.

Мыхуыры минæвæрттæн лæвæрд æрцыдысты дзуаппытæ фарстатæн: арæзт фæцис æви нæ Президенты Совет, дарддæр цавæр фарстатыл кусдзысты уый дæр æмæ Федерацийы Совет дæр, ныр дзы чи ис, уыдонимæ «Президенты командæ»-йæн йæ бон ахадгæ куыст кæнын уыдзæн æви нæ, æмæ бирæ æндæртæн.

Журналисттæ се 'ргом аздæхтой Литвайы ССР-йы Сæйраг Советы зындгонд уынаффæтимæ баст цаутæм. Бамбарын сын кодтой, Литва кæй у Советон Цæдисы хай, республикæйы æмæ бæстæйы æмахастдзинæдты фарстатæ лыгонд кæй хъуамæ цæуой ССР Цæдисы Конституцимæ гæсгæ, закъонты уагæвæрдтæ нымайыны æмæ адæймаджы бартæн аргъ кæныны бындурыл.

Фарстатæн дзуаппытæ дæтгæйæ, пресс-службæйы разамонæг бацамыдта, бирæ сагъæстæ йын уæвгæйæ, Президентæй рох кæй нæу мыхуыры æрмæгмæ дæр хъус лæмбынæг дарын. Афтæ, фæллойгæнджыты писмотæм æмæ газетты æрмæгмæ гæсгæ уый фæстаг бонты дæргъы бæлвырд хæслæвæрдтæ радта хицауадæн.

Журналисттæн радзырдтой, Президенты къæпхæныл экономикон политикæйы, бæстæйы царды æппæт къабæзты демократон рацарæзтытæ ноджы фæтагъддæр кæныны ахсджиагдæр фарстатыл цы ныхас цæудзæн, уый мидисы тыххæй.

(СЦТА).

БАЛЦ ИНДИМÆ

Индийы разамынды хуындмæ гæсгæ 3 апрелы Мæскуыйæ Делимæ хъуыддаджы балцы ацыд ССР Цæдисы Сæйраг Советы Сæрдар, СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæнгтæм кандидат А. И. Лукьянов.

(СЦТА).

Уæрæсейы журналистты съезды агъоммæ

НОВГОРОД, 4 апрель. (СЦТА). УСФСР-йы журналистты сæрæвæрæн съездмæ цæттæ кæныны фарстатыл цæуы ныхас Уæрæсейы Цæгат-Ныгуылæны æмæ Центры журналистон организациты минæвæртты æмбырды. Уый байгом ацы рагон уырыссаг горæты.

Æмбырды архайынц Мæскуыйы, Архангельскы, Ярославлы, Калининграды, республикæйы æндæр горæтты æмæ регионты сфæлдыстадон организацитыы æрвыст лæгтæ. Фидæны сфæлдыстадон цæдисы фарстатыл ныхас цæуы æртæ секцийы.

ХÆРЗХАСТ СТУРТÆ

Стыр хæстæ æвæрд ис ацы аз Ногиры Калинины номыл колхозы фосдарджытыл. Паддзахадæн хъуамæ фаронимæ абаргæйæ, дзидза ауæй кæной 350 тоннæйы фылдæр, æдæппæт — 1050 тоннæйы. Ахæм стыр нысантæ, фыццаджыдæр. дзурынц арендæйы пайдайыл. Фæллой аразыны уыцы ног хуызмæ куы рахызтысты, уæдæй фæстæмæ уæлдай разæнгарддæрæй кусынц колхозонтæ. Уый хорз зыны сæ куысты бæрæггæнæнтыл. Фыццæгæм кварталы пълан 80 тоннæйы уæвгæйæ, хæдзарад паддзахадæн дзидза ауæй кодта 87 тоннæйы. Ноджы сæм куыстады хæрдзтæ фæкъаддæр сты дзæвгар. Дзидзайы центнеры хиаргъ сæм рауад æрмæст 22 сомы æмæ 70 капеччы. Уый уымæн æмæ фосмæ хорз зылд цæуы. Æргæвдынæн кæй хæссынц, уыцы стуртæй алкæцыйы уæзыл дæр суткæмæ æфты 800 грамы, пълан 600 граммы уæвгæйæ. Хæдзарад уал паддзахадæн цы 200 стуры радта, уыдон иууылдæр пымад æрцыдысты хæрзхастыл. Алкæцыйы уæз дæр дзы уыдис 420 килограммæй уæлæмæ.

Тагъд æргæвдынмæ кæй ратдзысты, уыцы стуртæ ноджы хæрзхастдæр уыдзысты.

Уыдонмæ зилынц Æлборты Хазбийы звенойы уæнгтæ. Æмæ сæхæдæг дæр хорз мызд исынц сæ фæллойæн. Ныртæккæ бирæ куыст ис Багаты Симæйы звенойы уæнгтæн дæр. Уыдонмæ фидаргонд сты родтæ, æмæ сæм хорз зилынц. Æрæджы та хæдзарад балхæдта 1000 роды Мæздæджы районæй. 40 роды та — адæмæй. Æмæ сæ холлагхъуаг нæ уадзынц. Алы роды уæзыл дæр сæм суткæмæ бафты 600 граммы, пълан 570 граммы уæвгæйæ.

ÆХХУЫСАДОН ХÆДЗАРÆДТÆ

Ногиры Калинины номыл колхозы разамонджытæ æмæ специалисттæ стыр æргом здахынц æххуысадон хæдзарæдты рæстмæ. Æмæ тынг раст кæнынц. Колхозы арендон ахастдзинæдтæ кæй рапарахат сты, уый фæрцы фæфылдæр фæллойы æнтысындзинад. Уымæ гæсгæ ныр быдырты, фермæты къаддæр адæм хъæуы. Æмæ цæмæй алы адæймагæн дæр хъæуы куыст уа, уымæн хорз ахъаз сты æххуысадон хæдзарæдтæ. Ахæмтæ бирæ ис Ногиры. Куыройы, дзулфыцæны, цъылынтæбæттæн æмæ гречихæ кусæн цехты, дурыссæн æмæ æндæрты ныртæккæ кусы 100 адæймаджы бæрц. Уый стыр пайда у адæмæн стæй колхозæн дæр. Фарон хæдзарады кассæмæ йæ æххуысадон хайæдтæй сыгъдæг æфтиаг æрбацыд 470 мин сомы.

Фарон та колхозы фæзындис ног кооператив «Норкæ». Уæлыгæсты Аланы бинонтæ колхозæй аренды райстой иу гектар зæхх æмæ дзы сæхи хъарутæй саразтой бæстыхæйттæ, норкæты бынæттæ. Уыцы куыстытæн сæ хæрз цыбыр рæстæг йедтæмæ нæ бахъуыд. Кооператортæ сæхæдæг хорз арæхсынц кусынмæ алы техникæйыл дæр. Ныртæккæ сæм ис 600 норкæйы. Зилынц сæм хорз. Тагъд сын фæзындзæнис лæппынтæ. Арендатортæн сæ нысантæ стыр сты. Æртæ азмæ зынаргъ цармджын сырдты нымæц схæццæ уыдзæн дæс минмæ. Кооператортæ дзы сæхæдæг кæндзысты худтæ, æфцæггæттæ æмæ æндæр дзаумæттæ. Æрмæст ацы кооперацийæ колхозы кассæмæ алы аз дæр сыгъдæг æфтиаг цæудзæн 500 мин сомæй уæлæмæ.

Б. АНДРЕЕВ.

афтæ, рацарæзт йæ тæккæ тæмæны куы бацыдис, дысвæлдæхтæй кусын куы хъæуы, уæд та Литвайы адæмон фронт «Саюдис»-ы разамонджытæ æппæт советон адæмтыл дæр, стæй сæхи адæмыл дæр гадзрахатæй рацыдысты. Уый раст нæу. Цалынмæ республикæ бынтон къуырцдзæвæнмæ не 'рцыдис, уæдмæ бамбарын хъæуы, стыр галиу фæнда ... уый.

Мах, колхоз «Кавказ»-ы зæхкусджытæ, стыр зæрдиагæй сидæм Литвайы адæмтæм, цæмæй сæ чи сайы, уыдоны коммæ ма бакæсой, уый тыххæй. Махмæ гæсгæ фæллойуарзаг Литвайы цæрджытæ уый бамбардзысты.

ДЗГОЙТЫ Еруслан,
Кировы районы колхоз «Кавказ»-ы арендон бригады хицау, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр.

ЦАЛЫНМÆ НÆ БАЙРÆДЖЫ

Алы адæмыхæттытæ дæр хæсджын сты, цæмæй бахъахъхъæной сæхи националон културæ, се 'взаг, сæ литературæ, сæ аивад. Уадз литвайаг адæм дæр уæлиау исæд сæхи националон интерестæ. Уым æвзæрдзинадæй ... та куыд уыдзæн дарддæр сæ хъысмæт? Ууыл, æвæццæгæн, нæ ахъуыды кодтой, гуманизмыл йæхи чи хъары уыцы литвайаг неформалтæ.

Фæндзай азы дæргъы Литва æфсымæрон республикæты 'хсæн немæ иу хæдзары бинонтау фæцарди. Центр кæддæриддæр цæстуарзонæй æххуыс кодта Литвайы республикæйæн, лæвæрдта йын бирæ фæрæзтæ, цæмæй сæ адæмы цард кодтаид бонæй-бон хуыздæр, арæзт сæм æрцыдаид ног цæрæн хæдзæрттæ, фабриктæ, заводтæ, культурон-рухсадон кусæндæттæ.

Æппæт уыцы хæрдзтæ цæдисы иумæйаг фондæй рацух кодтой æмæ сæ Литвайы хай бакодтой. Фæстæзад паддзахадæй сырæзти иннæ республикæты æмсæр хъæздыг Литвайы Советон Социалистон республикæ.

Ныр кæд йæ сæрмæ махимæ нал хæссы, уæд иумæйаг хæдзарæй 50 азы дæргъы цы хæрдзтæ фæиста, уыдон ын фидгæ кæй æрцæудзысты, уууыл цымæ нæ ахъуыды кодта?

Мæнмæ гæсгæ,мæ хъуыдыйыл разы сты нæ бæстæйы алы адæмы хæттыты минæвæрттæ дæр.

Мæ фæндон: Литвайы иннæ адæмы хæттытæй чи цæры, уыдонæн цæрæн хæдзæрттæ саразæнт, сæхи фæндонмæ гæсгæ цы пункттæ равзарой, уым.

кæсын, Литвайы паддзахады ныры разамынд, арф нæ хъуыды кæнгæйæ, æвиппайды цы æрдæтфых æмæ цыбырзонд уынаффæтæ æмæ закъонтæ рахæссы, уыдонмæ. Цы йæ бон у, уымæй архайы нæдæр Советон Цæдисы Президент М. С. Горбачевы ныхасмæ, нæдæр æппæт советон адæмы, дунейы æхсæнадон хъуыдымæ æрыхъусыныл. Æмæ уымæй йæхи цæсты æфтауы.

Мæнмæ гæсгæ, ... ы ныры иумæйаг закъонты бындурыл цæрæм. Æмæ сæ аивыны бар ис æрмæст дæр ССР Цæдисы Сæйраг Советæн æмæ Президентæн. Цæдисон республикæйы закъонтæ хъуамæ хынцой йæ æппæт адæмты интерестæ æмæ бартæ. Уый куынæ уа, уæд уыцы закъонтæ барады ныхмæлæууæг сты, æмæ сын бындур нæй.

Экономикон æгъдауæй Литвайы республикæ хæдбар нæу. Бынтон хæдбар уæвынæн ын гæнæн дæр нæй. Уымæн æмæ йæ территорийыл цы куыстуæттæ ис, уыдонæн сæ фылдæр хай сты иумæйагцæдисон исбон. Æмæ сæм Литвайы паддзахад уæлдай бар нæ дары.

Республикæйы экономикон æмæ социалон рæзтмæ стыр бавæрæн хæссынц иннæ цæдисон республикæтæ. Уыцы ахастдзинæдтæ цыбырзонд уынаффæтæм гæсгæ æвиппайды фехалын тынг тæссаг у республикæйы экономикæйы рæзтæн.

ЦÆРГÆСТЫ С.

загъды минæвæрттæ дæр сæ хъысмæт кæрæдзимæ бабæттыныл куы куыстой, уæдæй нырмæ. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Махæн нæ тых нæ нуæзынад, ис. Уый фæрцы ныддæрæн кодтам ... дунейæн дæр тæссаг кæмæй уыд, уыцы немыцаг фашизмы.

Стæй ма æрнæсæм нæ республикæты экономикæйы рæзты уавæртæм. Ис ахæм куыстуæттæ, йæ продукци ... дæр чи æрвиты. Хæлуарæджы тынтау кæрæдзимæ баст сты нæ бæстæйы æппæт республикæтæ дæр. Æмæ раст загъд ис ССР Цæдисы Президенты сидты Литвайы ССР-йы адæмтæм — «Искуыдæр ма уый æмбæлгæ у, республикæйы, йæ адæмы хъысмæт аразгæ кæмæй у, æппæт бæстæйы интерестыл чи зыны, Конституцимæ уыцы срастгæнинæгты фарстатæ æвиппайды, æнæ ауынаффæйæ æдæппæтæй иунæг æхсæвы дæргъы лыгонд кæй цæуынц, уый». Ацы ныхæстимæ æнæ сразы уæвæн нæй. Æгас республикæйы хъысмæт алыг кæныны фарста ахсджиаг хъуыддаг у æмæ йæ хъуамæ цалдæр лæджы талф-тулфæй ма лыг кæной. Адæмы зондмæ байхъусын хъæуы.

МСОЙТЫ Таймураз,
Хъæдгæроны Кировы номыл колхозы мехкъорды хицау.

Хъæдгæроны Кировы номыл колхозы механизатортæ ацы бонты сты тынг æнæвдæлон, бавнæлдтой уалдзыгон куыстытæм. Зæрдиагæй кусынц Мсойты Таймуразы механизацигонд къорды уæнгтæ.

Къамты: агрегат картоф садзгæйæ; механизатортæ, **Лолаты** Мæирбег, **Мердентæ** Æхсар, **Дзанайты** Зауыр, Олег **Чкареули** æмæ **Борадзаты** Валери картофы хуымы.

Къамтæ систа.
КЪÆБЫСТЫ Х.

СЦКП XXVIII

ÆРГОМ НЫХАС

СЪЕЗДЫ АГЪОММÆ

РЕСПУБЛИКÆЙЫ ГОМ ПАРТИОН ÆМБЫРД

У БÆЛВЫРД КÆНИНАГ

СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проект лæмбынæг сахуыр кодтой æмæ йыл æрныхас кодтой Алагиры дыккæгæм астæуккаг скъолайы коммунисттæ. Æмбырды бæрæггæнæнты фæдыл нæ уацхæссæг ныхас кодта скъолайы партбюройы секретарь ГАГКАЙТЫ Олямæ.

— Мачи банхъæлæд, æмæ мах фыццаг хатт дзырдтам ацы ахсджиаг фарстайыл, загъта Оля. — Уый райдыдта, проект мыхуыры куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ. Ныхас ыл кодтам педагогон советы, урокты. Æмбырд та, мæнмæ гæсгæ, бахыгъта Платформæмæ нæ организацийы цæстæнгас, нæ фæндæттæ.

Æмткæй куы райсæм, уæд Платформæйы проектыл æмбырды уæвджытæ — дæс коммунисты æмæ фондз æмæ ссæдз æнæпартионы — сразы сты. Æрмæст йæ æппæт уагæвæрдтыл нæ.

Махмæ гæсгæ, проект фаг нæ хынцы, Конституцийы æхсæзæм статья аивыны фæстæ цы ивддзинæдтæ æрцæудзысты, уыдон.

Фаг куыстгонд не 'рцыд, социалон-экономикон проблемæтыл ныхас кæм цæуы, уыцы хайыл. Афтæ нæм кæсы, цыма дзы фыст æрцыдысты æвзæрстыты агъоммæйы адæмæн зæрдæвæрæнтæ. Нæ дзы уынæм бæлвырддзинад. Фылдæр бынæттæ декларативон сты æмæ зæрдæ нæ агайынц.

Бирæ ныхас рауад партийы хъысмæтыл. Йæ кад фæцудыдта. Æмæ уым хуымæтæджы коммунисттæ тынг аххосджын не сты. Æууæндындзинад стыр тыхы. Иуæй-иутæ нал æууæндынц разамонæг партион кусджытыл. Уымæ гæсгæ барвæндонæй сæхи цух кæнынц партийы рæнхъытæй.

— Нæ партийы райком,— дзырдта Жаннæ Критарова, — кусы рагзаманты хуызæн. Ногдзинад не 'вдисы, хъæппæрис æм нæма ис. Уымæ гæсгæ йæ кад дæр тынг бæрзонд нæу. Æвди- ...

циалон-экономикон политикæйы кой кæнын. Адæм сæм цæттæ нæ уыдысты. Таболты Фатимæ дзæгъæлы нæ бацамыдта, зæгъгæ, демократизаци æмæ æргомдзинадæй иуæй-иутæ афтæ спайда кодтой, æмæ сын сæ дзыхы уагмæ куы байхъусай, уæд сæры хъуынтæ арц сбадынц. Нæ бæстæйыл цъыф калынып нæ ауæрдынц, зындон æй схуыдтой, капитализмы та дзæнæт хонынц. Иннæтæ фæлæбурдтой кооперацийы æфсонæй адæмы стигъынмæ, адæмы сайынмæ. Адæмы стыр хай та ракæс-бакæс кæны сæ дыууæтæм дæр. Кæцыты фарс рахæца, уый нæ зоны. Нырма уал фæлгæсы, æнхъæлмæ кæсы. Цымæ æхсæнад демократизаци кæнын, æргомдзинад æмæ экономикæйы алыхуызты цадæггай царды куы уагъ таиккам, уæд бирæ хуыздæр нæ уыдаид? Сабыргай, къахдзæфтæ кæнгæ. Хрущевы заманты згъоргæ бирæ фæкодтам, «коммунизммæ дæр нæ бирæ нал хъуыд», фæлæ тагъд дон фурды не 'ййафы. Социалон цардыуаг дзыхы ныхæстæй æмæ талфтулфæй нæ фæхуыздæр уыдзæн. Уым дзыллæтæ сты ахсджиаг. Хæс зæрдæмæ куы райсай, куы йыл ахъуыды кæнай, уæд уæлахиз къухы бафтдзæн. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ ацы ивддзинæдтæм адæм цæттæ нæ уыдысты нæ политикон, нæ зæрдæйыуагæй. Уымæ гæсгæ фылдæр æргом здахын хъæуы хъомыладон фарстатам, идеологон куыстмæ.

— Уыдонмæ та уæлæнгай каст цæуы Платформæйы проекты, — дзырдта Таболты Æхсарбег. — Нæй дзы бæлвырддзинад, адæ- ...

Куыстадон хуыйæн нугонды коммунисттæ æмæ æппæт коллектив ацы уалдзыгон бонты кусынц ну нысанимæ: цы амал ис, уымæй аивдæр æмæ рæсугъддæр уæлæдарæсæй фæллойгæнджыты зæрдæ барухс кæнын, партийы XXVIII съездыл фæллойадон лæвæрттимæ сæмбæлын.

КЪАМЫ: нугонды сæйраг фабричы кæрдæн цехы раззагдæр кæрдджытæ Таисия Парамонова, коммунисттæ Любæ Духанина æмæ Наташæ Богославская.

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

«СУСÆГГАГ»

СЦКП-йы райкомтæй райдиан партион организацитæм цы разамынддæттæг уынаффæтæ арвитынц, уыдоны фыццаг сыфыл сæрæй рахиз къуымы арæх фыст вæййы «Сусæггаг» кæнæ «Куысты пайда кæнынæн». Уыцы уынаффæтыл æрныхас кæнынц райкомы кæнæ обкомы бюроты æмбырдты, пленумты. Адæм сæ бакæсынц æмæ фехъусынц дзыллон информацийы фæрæзтæй. Уæд ма уыдон цæй сусæггаг вæййынц?

Мидбынаты цоппайы рæстæгæй баззад уыцы æгъдау. Æппындæр сусæггагæй кæм ницы вæййы, ахæм документтыл кæдмæ нысан кæндзысты «Сусæггаг»?

Цæмæн хъæуы уыцы гæххæттытыл «Куысты пайда кæнынæн» дæр нысан кæнын? Ау, райдиан партион организацитæ уæнгтæ нæ зонынц, райкомы бюро кæнæ пленум цы уынаффæтæ æмæ амынддзинæдтæ рахæссынц, уыдон æххæстгæнинаг сты, уый?

ЦÆРГÆСАТЫ С.

БАФÆЗМЫН ХЪÆУЫ

Лæмбынæг бакастæн СЦКП-йы Уставы ног проект. Бирæ ногдзинæдтæ дзы ис. Зæгъын мæ фæнды проекты VI хай «Партийы исбон æмæ æхцайы фæрæзтæ»-йы тыххæй. Æргом зæгъгæйæ, мæ зæрдæмæ нæ фæцыд, уæнгон фиддонтæ фидыны бæрцытæ алы хуызы нысангонд кæй цæуынц, уый. Зæгъæм, 101—150 сомæй партион фиддонты бæрц у 30 капеччы. Кæд коммунисты æхцайы æфтиæгтæ 150 сомæй иунæг сом фылдæр уой, уæд та фиддон фиды процентæм гæсгæ — 1 процент, кæнæ 1 сом æмæ 51 капеччы — фондз хатты фылдæр. Куыд раст у уый?

Мæнмæ гæсгæ æрвылмæйон уæнгон фиддонтæ фидын хъæуы кæнæ бæлвырд æхцайы бæрцытæм, кæнæ та процентæм гæсгæ.

Æрæджы газет «Правдæ»-йы бакастæн иу уацхъуыдфæсарæйнаг бæстæты алыхуызон партиты уæнгтæ партион фиддонтæ куыд фидынц, уый тыххæй. Иуæй-иу партиты фарслæуджытæ партийы уæнгтæ нæ уæвгæйæ, партийы бюджетмæ хæссынц æххуысадон æхцайы фæрæзтæ. Уымæ уацхъуыды амынд цыдис, зæгъгæ, иуæй-иу партийы уæнгтæ уæнгон фиддонтæ фидынц, куысты мыздæй æфтиаджы налогтæ бауромыны фæстæ цы баззайа, уымæ гæсгæ, ома, сыгъдæг æфтиагæй. Æмæ мæм уыцы хъуыды раст кæсы. Мах дæр бафæзмын хъæуы уыцы фæлтæрддзинад. Æндæр куыд рауайы? Æнæуидæр чысыл мызд чи исы, уыдон ма, уыцы фиддонтæ бафидгæйæ, сæ мыздæй райсынц мамæлайы капеччытæ.

Проекты уыцы хайы амынд ис, зæгъгæ, кусгæ чи кæны, уыцы пенсиисæг коммунисттæ партион фиддонтæ фидынц хицæнтæй пенсийæ æмæ куысты мыздæй. Уый раст у.

Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, раст уыдзæн уый дæр, æмæ уæлæмхасæн куысты мыздæй дæр афтæ фыст куы цæуа. Зæгъæм, нæ республикæйы газетты кусæг журналисттæн куысты мызд æмæ гонорарæй æфтиаджы налогтæ хицæнтæй уромынц. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ хъуамæ партион уæнгон фиддонтæ дæр афтæ ист цæуой.

ЦЪЕБОЙТЫ С.

ХЪÆУЫ ФÆЛМÆНЗÆРДÆДЗИНАД

Æз лæмбынæг бакастæн СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проект партийы XXVIII съездмæ æмæ мæ зæрдæмæ тынгдæр фæцыд йæ дыккаг хай «Партийы политикæйы бæстастæу — адæймаг». Уый мын дзуапп дæтты мæ сæйрагдæр фарстæн, адæймаджы удварны хорз миниуджытæ сæфтмæ цæмæн цæуынц, зæгъгæ, уый фæдыл.

Нæ парти æмæ хицауад рацарæзт куы расидтысты, уæд уый адæмæн æхсызгон уыд. Цин кодтой, бирæ цыдæр хорздзинæдтæм æнхъæлмæ кастысты. Адæмы зæрдæты рацарæзт бауагъта стыр ныфс, кæдæйуæдæй фæллойгæнæг адæмæн сæ цард фæнывылдæр кæнынæн ралæууыд фадат.

Æппæты фыццаг æнхъæлмæ кастыстæм, адæймагмæ адæймаджы цæстæнгас сног уыдзæн, зæгъгæ. Кæдæм дæриддæр исты хъуыддаджы фæдыл курдиатимæ кæнæ дæ хъаст, дæ мастимæ куы балæууай, уæд дæм лæмбынæг байхъусдзысты, бамбардзысты æмæ бацархайдзысты дæ курдиат сæххæст кæныныл, æппын фæстаг адæймаг адæймагыл нымад уыдзæн, зæгъгæ.

Фæлæ, хъыгагæн, нырма ... тæ дæр-иу бæрæг афонты газы пецтæм базылдысты. Ныр иу дæр нал ис æмæ иннæ дæр. Цы фесты уыдон? Кусгæ нал кæнынц?

Дæ хъаст кæдæмфæнды бахæсс — хъуыды дæр дæ ничи æркæндзæн. Куыд арæхсыс, афтæ цæр.

Куыд зонæм, афтæмæй радæджы дæр æмæ ныр дæр алы бæстæты дæр уыдис æмæ ис фидар фæтк, закъонтæ æмæ хицаудзинад. Мах ныртæккæ аразæм барадон паддзахад. Адæм хъуамæ æмбарой, Закъоны раз дзуапп дæттын кæй хъæуы. Хæстæ æнæмæнг æххæст кæнын кæй хъæуы.

Хъыгагæн, махмæ ныртæккæ уыцы царды фæтк фæцудыдта. Афтæ фæкæсы, цыма адæм кæрæдзийы уынгæ дæр нал кæнынц æмæ хъусгæ дæр.

Ахæм уавæр цыфæнды зын рæстæджыты дæр никуы уыдис. Адæм кæрæдзийы рыст æмбæрстой, кæрæдзийæн æххуыс кодтой, кæрдзыны къæбæр дих кодтой. Уыдис сæм фæлмæнзæрдæдзинад.

Ныр куы акæсай, уæд дуканиты радты лæугæйæ, адæм кæрæдзийы нæмынмæ æрцæуынц, систы æнæхатыр. Махмæ, ирон адæммæ, кæддæриддæр уыдис ха- ...

Орджоникидзейы электротехникон заводы коммунистты СИДТ

РЕСПУБЛИКÆЙЫ ПАРТИОН ОРГАНИЗАЦИТÆМ

Куыд Советон Цæдисы æппæт сыгъдæгзæрдæ фæллойгæнджытæ, афтæ мах дæр, Орджоникидзейы электротехникон заводы коммунистты, арф сагъæсы æфтауы бæстæйы æмæ партийы хъысмæт. Паддзахадон хицаудзинады тæккæ уæлдæр къæпхæнты революцион стыр ныхæстæй дæлдæргонд цæуы коммунистон идейæ.

О, рацарæзт æнæмæнг хъæуы царды, уымæн нæй альтернативæ. Фæлæ рацарæзт йæ тæккæ райдайæнæй фæстæмæ хъуамæ арæзт уыдаид фæллойгæнæг дзыллæты интерестæм. Мах та, кусджытæ, рацарæзты фондз азы дæргъы, нæ цардыуаг зындæр цы кæны, æндæр дзы хорзæй ницы райстам, уымæн æмæ царды бирæ ахсджиагдæр проблемæтæ закъонæвæрæг æмæ æххæстгæнæг хицаудзинад кæ- ... æмæ кæй æххæст кæнынц, граждæнтæ цы адæмыхæттытæм хауынц æмæ цавæр социалон къордæй сты, уымæ нæ кæсгæйæ сæ чи хъомыл кæны æмæ æфхæры, ахæм æппæтæн иумæйаг закъон.

Мах фидарæй уырны, социализм хуыздæргæнæн кæй ис æмæ йæ хуыздæр кæнын кæй хъæуы æхсæнадон куыстады быдуры. Мах хъæддыхæй лæууæм, куыстадон фæрæзтæ хицæн адæймæгты исбон цæмæй уой æмæ æххуырст фæллойæ пайда кæной, уый нымæ. Мах стæм цивилизацигонд кооперацийы фарс, фæлæ дзурæм, цыфæнды мадзалæй дæр йæхи хъæздыг кæнынмæ чи тырны, уыцы кооперативты ныхмæ. Исбоны тыххæй закъон фадат дæтты æхцайы æвæрæнты бæрцмæ гæсгæ æффæдфæливæнтæ агуры, цæмæй æфхæрд ма баййафа, уый тыххæй.

Æрæджы дæр ма мидбынаты цоппайы сæрхъуызойтæй чи æппæлыд, дзыллон информацийы уыцы фæрæзтæ, дызæрдыггаг идейæтыл хæст адæймæгты къухмæ бахаугæйæ, хатгай цæсты æфтауынц социалистон хæзнатæ. Цытджын Октябры революцийы ахадындзинад æппæт адæмты хъысмæты.

Советон дуджы историйыл быцæу ахуыргонд лæгты хуымæтæг дискусси нæу. Истори у, адæмы зæрдæйæ цы нæ рох кæны, уый, хъомыладон фæрæз, абон чи цæры æмæ фидæны чи цæрдзæн, уыцы фæлтæртæн. Истори кæмæн нæй, уыцы адæмæн нæй, зæрдыл цы дарой, уый, нæй сын фидæн.

Мах фидарæй уырны, пъланон социалистон эконо- ... йы ЦК-йы Платформæйы проекты иумæйаг хатдзæгимæ, зæгъгæ, нæ æхсæнады фидæнæн бæлвырд снывгæнæн нæй.

Æнæ нысан парти — парти нæу. Æбæрæг ранмæ цæуын у æнæсæрфат ми.

Мах стæм ССР Цæдисы Конституцийы 6-æм статья аивыны фарс, уымæн æмæ нымайæм, партийæн ныртæккæ тынг ахсджиаг кæй у, цæсты йæ чи 'фтауы, уыцы къордтæй æмæ тыхтæй йæхи фæхицæн кæнын. Адæм хъуамæ зоной, æцæгдзинадæй чи цы у, уый.

Иу ныхасæй, советон æхсæнады, партийы бамбырд æвæстиатæй лыггæнинаг бирæ проблемæтæ. Сæ алыг кæнынмæ сарæхсдзæн æрмæстдæр ногдæргонд, демократизацигонд Советон Цæдисы Коммунистон парти. ...

…социалон-экономикон проблемæтыл ныхас кæм цæуы, уыцы хайыл. Афтæ нæм кæсы, цыма дзы фыст æр. цыдысты æвзæрстыты агъоммæйы адæмæн зæрдæвæрæнтæ. Нæ дзы уыйнæм бæлвырддзинад. Фылдæр бынæттæ декларативон сты æмæ зæрдæ нæ агайынц.

Бирæ ныхас рауад партийы хъысмæтыл. Йæ кад фæцудыдта. Æмæ уым хуымæтæджы коммунисттæ тынг аххосджын не сты. Æууæндыдзинад стыр тых у. Ныр-ныртæ нал æууæндынц разамонæг партион кусджытыл. Уымæ гæсгæ барвæндонæй сæхи цух кæнынц партийы рæнхъытæй.

— Нæ партийы райком,— дзырдта Жаннæ Критарова, — кусы рагзаманты хуызæн. Ногдзинад не 'вдисы, хъæппæрис æм нæма ис. Уымæ гæсгæ йæ кад дæр тынг бæрзонд нæу. Æвдисæн райсоветы фыццаг организацион сесси. Райкомы фыццаг секретары райсоветы сæрдарæй нæ равзæрстой, кæд ын райком йæ кандидатурæ балæвæрдта, тынг хъæбæрæй йыл дзырдта, уæддæр. Мæнмæ гæсгæ, уый бирæтыл дзуры.

Критарова æмæ ма иуæлдæр коммунисты нæ разы кæнынц бирæпартион системæйыл. Истори, дам, куыд амоны, афтæмæй Уæрæсейæн уыдон пайда никуы æрхастой. Бирæ партитæ æхсæнады куы фæзыной, уæд тох кæндзысты хицаудзинад сæ къухтæм райсыныл, кæрæдзийы хъуыи калдзысты, мæгуыр адæм та сæ рох фæуыдзæн. Уымæн хорз æвдисæн «Демократон платформæйы» митæ. Пленумты, съездты æмæ сесситы лæууы адæмы ныхмæ, закъонтæ æмæ уынаффæтæ йæ зæрдæмæ нæ цæуынц, афтæмæй фæллойгæнджытæн пайдайаг фæндон адæмы раз нæма æрæвæрдта.

— Æмæ куыд уа бæрзонд партийы кад, — бацамыдта Бесолты Еленæ, — кæд æмæ йыл йæхæдæг нæ ауды. Раст зæгъгæйæ та — йæ иуæй-иу разамонджытæ. Бæстæйы экономикæйы тæссаг уавæры рæстæг цæмæн хъуыд партийы аппаратты кусджыты мыздыл æфтауын? Фыдæнæны хуызæн мæм кæсы. Бæстæйы та 40 милуан мæгуыры ис, кæд фылдæр не сты, уæд.

Партион кусæгæн йæ цæсгом хъуамæ сыгъдæг уа. Уæлæмхасæн бартæй ма пайда кæна. Адæмы рыст куы зона, уæд ын кад дæр уыдзæн, — афтæ хъуыды кæнынц ме 'мбал коммунисттæ æмæ æнæпартионтæ.

Цалдæр ахсджиаг фарстæйы нæ сагъæсы бафтыдтой. Æз демократизаци, æргомдзинад æмæ партийы со-…таиккам, уæд бирæ хъуыздæр нæ уыдаид? Сабыргай, къахдзæфтæ кæнгæ. Хрущевы заманты згъоргæ бирæ фæкодтам, «коммунизммæ дæр нæ бирæ нал хъуыд», фæлæ тагъд дон фурды не 'йафы. Социалон цардыуаг дзыхы ныхæстæй æмæ талфтулфæй нæ фæхуыздæр уыдзæн. Уым дзыллæтæ сты ахсджиаг. Хæс зæрдæмæ куы райсай, куы йыл ахъуыды кæнай, уæд уæлахиз къухы бафтдзæн. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ ацы ивддзинæдтæм адæм цæттæ нæ уыдысты нæ политикон, нæ зæрдæйыуагæй. Уымæ гæсгæ фылдæр æргом здахын хъæуы хъомыладон фарстатам, идеологон куыстмæ.

— Уыдонмæ та уæлæнгай каст цæуы Платформæйы проекты, — дзырдта Таболты Æхсарбег. — Нæй дзы бæлвырддзинад, адæмон ахуырад куыд рæздзæн, уый тыххæй. Скъолаты сæвзæрд зын уавæр. Реформæ нæ дæтты, цæмæ йæм æнхъæлмæ кастыстæм, уый. Фыццаджы хуызæн скъолайы материалон бындур у мæгуыр. Нæй нæм ирыккон приборта æмæ машинæтæ. Фылдæр скъолатæ кусынц дыгай сменæты. Мах дæр дыууæ сменæйы кусæм. Дæс азæй фылдæр цæуы ныхас, скъолайы фæзуатмæ бафтаудзыстæм, зæгъгæ, фæлæ дзы ницы уайы.

«Платформæйы проекты бацамонын хъæуы бæлвырд бакæнинæгтæ наукæ æмæ адæмон ахуырад уæлдæр къæпхæнмæ сисыны фæдыл,

— ахæм фæндон бахастой æмбырды уæвджытæ.

Махмæ гæсгæ Платформæйы проекты фаг ныхас нæ цæуы партийы идеологон концепцийыл. Адæмы тынг тыхсын кæны иу фарста: марксизм-ленинизм ма йæ бынаты ис, йæ фæндагыл хъæддых лæууы æви нæ?

Иу фиппаинаг ма нæм равзæрд æмбырды. Ныртæккæ райдиан партион организацийæн йæ бон нал у администрацийы куыстыл контроль аразын; хæдзарадон фарстатæ лыг кæнын. Уыдон раст фæуæнт. Политикон фæрæзтæй, дам, разамынд дæттут коллективтæн. Фæлæ иу ран дæр амынд нæма 'рцыд, цавæр политикон фæрæзтæй, цытæ æмæ цавæр сты, уыдон? Уставы проект дæр сæ фаг нæ амоны.

Цымæ тас нæу парти политикон клуб куы суа, уымæй? Платформæ хъуамæ бæлвырд бацамона, нырæй фæстæмæ парти цы фарстатæ лыг кæндзæн, уыдон.

Ныхас ныффыста

ХЪÆРДЖЫНТЫ Т.

… ОРГАНИЗАЦИТÆМ

Куыд Советон Цæдисы æппæт сыгъдæгзæрдæ фæллойгæнджытæ, афтæ мах дæр, Орджоникидзейы электротехникон заводы коммунистты, арф сагъæсы æфтауы бæстæйы æмæ партийы хъысмæт. Паддзахадон хицаудзинады тæккæ уæлдæр къæпхæнты революцион стыр ныхæстæй дæлдæргонд цæуы коммунистон идейæ.

О, рацарæзт æнæмæнг хъæуы царды, уымæн нæй альтернативæ. Фæлæ рацарæзт йæ тæккæ райдайæнæй фæстæмæ хъуамæ арæзт уыдаид фæллойгæнæг дзыллæты интерестæм. Мах та, кусджытæ, рацарæзты фондаазы дæргъы, нæ цардыуаг зындæр цы кæны, æндæр дзы хорзæй ницы райстам, уымæн æмæ царды бирæ ахсджиагдæр проблемæтæ закъонæвæрæг æмæ æххæстгæнæг хицаудзинад кæронмæ нæ алыг кæны. Хуызæнæн нæ кусы, цы уынаффæтæ хаст цæуы, уыдон æххæст кæныныл хъæддых контроль æвæрыны механизм. Уый аххосæй цаудæр кæны фæллойадон æмæ æхсæнадон æгъдау, хæлы экономикæ.

Адæм бафæлладысты, исчи сæ куы бастигъа, тыхми сын куы бакæна, куы сæ фегад кæна, уымæй тæрсынæй. Фыдракæндтыл æмбисмадзæлттæй нæ фæуæлахиз уыдзыстæм. Уголовон кодекс ивд кæм нæма у, уыцы бæстæйы фыдракæндты нымæц цæхгæр рæзы, карздæр кæнынц йæ хуызтæ. Барадон паддзахад нæ амоны барадыл бирæ дзурын. Уый у ахæм паддзахад, кæцыйы хицауиуæг кæны, адæм æмхуызон кæй æмбарынц æмæ кæй æххæст кæнынц, граждæнтæ цы адæмыхæттытæм хауынц æмæ цавæр социалон къордæй сты, уымæ нæ кæсгæйæ сæ чи хъомыл кæны æмæ æфхæры, ахæм æппæтæн иумæйаг закъон.

Мах фидарæй уырны, социализм хуыздæргæнæн кæй ис æмæ йæ хуыздæр кæнын кæй хъæуы æхсæнадон куыстады бындурыл. Мах хъæддыхæй лæууæм, куыстадон фæрæзтæ хицæн адæймæгты исбон цæмæй уой æмæ æххуырст фæлло йæ пайда кæной, уый ныхмæ. Мах стæм цивилизацигонд кооперацийы фарс, фæлæ дзурæм, цыфæнды мадзалæй дæр йæхи хъæздыг кæнынмæ чи тырны, уыцы кооперативты ныхмæ. Исбоны тыххæй закъон фадат дætты æхцайы æвæрæнты бæрцмæ гæсгæ æфтиæгтæ исынæн, уый та амоны, æмæ бирæ æфтиæгтæ райсæн ис фæллойæ нæ, фæлæ капиталæй. Куыд социалистон æхсæнады райгуырæг æмæ æндæр куыстадон ахастдзинæдтæ нæ зонæг адæм, афтæ махæн зынаргъ у не 'мхуызæттимæ æмбарæй цæрыны амал æмæ дзурæм советон адæмы фæллой алыхуызон арæнтæй æмæ ведомствоты инструкцитæй сугъд кæныны фарс. Мах лæууæм социалистон Райгуырæн бæстæйы хорзæхæн сфæлдыстадон фæллойы, фидар фæллойадон æгъдауы фарс.

Мах ноджы фидарæй уырны, нæ бæстæйы адæмыхæттыты кæрæдзиуыл ардауындзинад у фыдыбæстаг интернационализацигонд мафийы хъуыддаг. Уый фæдфæливæнтæ агуры, цæмæй æфхæрд ма байяфа, уый тыххæй.

Æрæджы дæр ма мидбынаты цоппайы сæрхъуызойтæй чи æппæлыд, дзыллон информацийы уыцы фæрæзтæ, дызæрдыггаг идейæтыл хæст адæймæгты къухмæ бахаугæйæ, хатгай цæсты æфтауынц социалистон хæзнатæ. Цытджын Октябры революцийы ахадындзинад æппæт адæмты хъысмæты.

Советон дуджы историйыл быцæу ахуыргонд лæгты хуымæтæг дискусси нæу. Истори у, адæмы зæрдæйæ цы нæ рох кæны, уый, хъомыладон фæрæз, абон чи цæры æмæ фидæны чи цæрдзæн, уыцы фæлтæртæн. Истори кæмæн нæй, уыцы адæмæн нæй, зæрдыл цы дарой, уый, нæй сын фидæн.

Мах фидарæй уырны, пъланон социалистон экономикæ хъуамæ æвæрд уа хъуыддаг хорззонынады æмæ æгъдауы бындурыл. Ныр та иудадзыг æмæ кæмфæнды уынæм, афтæ кæй нæу, уый. Советон экономикæйы сæргъы хъуамæ æрлæууой профессионалон разамонджытæ, кæцыты цæттæ кæнын у партийы фыццаградон хæс. Уырны нæ, партийы хъару æмæ кад ком. коммæ аразгæ сты разамонæг кадрты цæттæдзинадæй.

Мах разы не стæм партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проекты иумæйаг хатдзæгимæ, зæгъгæ, нæ æхсæнады фидæнæн бæлвырд сныв гæнæн нæй.

Æнæ ныcан парти — парти нæу. Æбæрæг ранмæ цæуын у æнæсæрфат ми.

Мах стæм ССР Цæдисы Конституцийы 6-æм статьяйы фарс, уымæн æмæ нымайæм, партийæн ныртæккæ тынг ахсджиаг кæй у, цæсты йæ чи 'фтауы, уыцы къордтæй æмæ тыхтæй йæхи фæхицæн кæнын. Адæм хъуамæ зоной, æцæгдзинадæй чи цы у, уый.

Иу ныхасæй, советон æхсæнады, партийы бамбырд æвæстиатæй лыггæнинаг бирæ проблемæтæ. Сæ алыг кæнынмæ сарæхсдзæн æрмæстдæр ногдæргонд, демократизацигонд Советон Цæдисы Коммунистон парти. Уымæ ис æхсæнад кризисæй ракæныны æцæг хъару.

Бæстæйы ныртæккæйы зын уавæрæн аргъ кæнгæйæ, мах, Орджоникидзейы электротехникон заводы коммунисттæ, сидæм нæ бирæнацион республикæйы коммунисттæм: ма бауадзæм коммунистон идеалтæ къæхты бын кæнын, æртывæр хъарутæй тох кæнæм социалистон экономикæйы рæзтыл, æцæг демократи парахатдæр кæныныл, барадон фæтк æмæ æгъдау фидар кæныныл.

Сидт фидаргонд æрцыд Орджоникидзейы электротехникон заводы гом партион æмбырды 1990 азы 15 мартъийы.

Сæ къухтæ дзы бафыстой æмбырды президиумы уæнгтæ ТАБОЛТЫ Г. Дз., КОРТИАТЫ Т. Г., ЦОМАЙТЫ Т. А., КУЫНДЫХАТЫ Л. Г., СОТТИТЫ Л. С.

… цæуынц, зæгъгæ, уый фæдыл.

Нæ парти æмæ хицауад рацарæзт куы расидтысты, уæд уый адæмæн æхсызгон уыд. Цин кодтой, бирæ цыдæр хорздзинæдтæм æнхъæлмæ кастысты. Адæмы зæрдæты рацарæзт бауагъта стыр ныфс, кæдæйуæдæй фæллойгæнæг адæмæн сæ цард фæнывылдæр кæнынæн ралæууыд фадат.

Æппæты фыццаг æнхъæлмæ кастыстæм, адæймагмæ адæймаджы цæстæнгас ног уыдзæн, зæгъгæ. Кæддæм дæриддæр исты хъуыддаджы фæдыл курдиатимæ кæнæ дæ хъаст, дæ мастимæ куы балæууай, уæд дæм лæмбынæг байхъусдзысты, бамбардзысты æмæ бацархайдзысты дæ курдиат сæххæст кæныныл, æппын фæстаг адæймаг адæймагыл нымад уыдзæн, зæгъгæ.

Фæлæ, хъыгагæн, нырма афтæ нæма у. Адæм сты сагъæсы. Куыд уыдзæн дарддæр?

Æвæццæгæн, демократи раст нæ бамбæрстам. Афтæ нæм фæкаст, зæгъгæ, куыдфæнды кусæн дæр ис, цыфæнды кæнæн дæр ис — ничи дæ бафхæрдзæн. Уый та нæ хорзмæ никуы æрхæндзæн. Раст куы нæ пайда кæной адæм сæ бартæй, æмæ сæ хæстæ Закъоны раз куы не 'ххæст кæной, уæд уый анархи у. Зæгъæм, ныронг ма-иу, растдæр зæгъгæйæ та рацарæзты размæйы азты, нæ хæдзæртты управленийы кусджытæ рæстæгæй-рæстæгмæ цæрджыты хæдзæрттыл азылдысты, афарстой-иу, уæ фатер хъарм у, хъарм дон ис, куыд кусынц доны кърæнттæ. Горгазы кусджы… нæр дæр алы бæстæты дæр уыдис æмæ ис фидар фæтк, закъонтæ æмæ хицаудзинад. Мах ныртæккæ аразæм барадон паддзахад. Адæм хъуамæ æмбарой, Закъоны раз дзуапп дæттын кæй хъæуы. Хæстæ æнæмæнг æххæст кæнын кæй хъæуы.

Хъыгагæн, махмæ ныртæккæ уыцы царды фæтк фæцудыдта. Афтæ фæкæсы, цыма адæм кæрæдзийы уынгæ дæр нал кæнынц æмæ хъусгæ дæр.

Адæм уавæр ныфсæнды зын рæстæджыты дæр никуы уыдис. Адæм кæрæдзийы рыст æмбæрстой, кæрæдзийæн æххуыс кодтой, кæрдзыны къæбæр дих кодтой. Уыдис сæм фæлмæнзæрдæдзинад.

Ныр куы акæсай, уæд дуканиты радты лæугæйæ, адæм кæрæдзийы нæмынмæ æрцæуынц, систы æнæхатыр. Махмæ, ирон адæммæ, кæддæриддæр уыдис хатырдзинад, фæразондзинад. Фæлæ æвидигæ не 'сты уыдон дæр, алцæмæн дæр ис кæрон. Æмæ, хъыгагæн, уыцы удварны хорз миниуджытæ кæнынц къаддæр.

Стыр æнхъæлмæ кæсын æмæ мæ зæрдæ дарын нæ Коммунистон партийыл. Уырны мæ, нæ чысыл Ирыстоны зæххыл республикæйы партион организаци кæй архайдзæн рæстдзинад, æргомдзинад, æцæг демократи, æфсымæрон ахастдзинæдтæ, фæтк æмæ æгъдау фидар кæныныл. Кæй раздæхдзыстæм, нæ рагфыдæлты царды хорздзинадæй æмæ фæзминагæй цы уыдис, уыдонмæ.

БАСКАТЫ Тамарæ,
пенсиисæг, г. Орджоникидзе.

«Рæстдзинад» 15 мартъийы цы анкетæ ныммыхуыр кодта, уымæн дзуаппытæ дæттынц газеткæсджытæ. Сæ иутимæ уæ базонгæ кодтам 28 мартъийы номыры. Уац хуынд «Мæт, æууæнк æмæ дызæрдыг». Уæдæй нырмæ рацыд къуыри. Æмæ та нæ фарстытæн райстам ног дзуаппытæ. Базонгæ уæ кæндзыстæм, сæ автортæм партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проект цавæр фиппаинæгтæ æмæ фæндæттæ сæвзæрын кодта, бæстæйы, æхсæнады, партийы абоны уавæрыл æмæ сæ сомбоныл цы хъуыды кæнынц, уыдонимæ.

ДЗУАПП ДÆТТЫНЦ «РÆСТДЗИНАД»-Ы ФАРСТЫТÆН

ХЪУЫДЫТЫ БЫЦÆУ

Анкетæйы фылдæр фарстытæн дзуаппытæ æрбарвыстой Абайты Петр Василийы фырт, пенсиисæг, 1958 азæй СЦКП-йы уæнг, цæры Ногиры; Хъуппеты А. Г. (йæ ном æмæ фыды ном æнæхъæнæй нæ ныффыста), шахтер, фæллойы ветеран, алагираг; 48-аздзыд сылгоймаг (йæ ном æмæ мыггаг не схъæр кодта), ис æм уæлдæр ахуыргонддзинад, цæры Орджоникидзейы. Ис ма æнæном дзуаппытæ дæр, фæлæ уыдон рæгъмæ нæ хæссæм, æмæ курæм газеткæсджытæй, табуафси, газетмæ цыфæнды куы фыссат, уæддæр амонут уæ мыггаг, уæ ном, кæм цæрут, уый. Æргомдзинады дуг куы у, уæд цæмæй тæрсут? Ныр æркæсæм дзуаппытæм.

Абайты Петр ЦК-йы Платформæйы проектимæ разы у. Тынг хорз, дам, у, фæлæ, дам, йæ сæххæст кæнын зын уыдзæн. Цæмæн? Уымæн æмæ, дам, бæстæ змæст у. Æппæты фыццаг дзы хъæуы æгъдау æмæ фæтк сæвæрын. Нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ скарз сты. Иуæй-иу адæмтæ кæрæдзимæ топпыдзыхæй кæсынц, иннæтæ сæ хъус адардтой Цæдисæй ацæуынмæ.

«Адæмæй бирæтæ демократи здахынц анархимæ. Паддзахадæн иу сомы аргъ пайда чи нæ радта æмæ дæтты, уыдон дзы бирæтæ ратонынмæ хъавынц. Змæнтджытимæ хъæуы карз тох», — фыссы Абайы-фырт. Уый тыхсы, партийы кад кæй фæцудыдта, ууыл æмæ уым аххосджын кæны хицæуттыпартийы уæнгты. Иуæйиутæ, дам, сæ æндзæрстой æрмæст сæхи гуылы быи, цстой гæртæмттæ, давтой. Абайы-фырт у бирæпартион системæйы ныхмæ.

Фарстæн **«Рацарæзты рæстæджы цы ивддзинæдтæ æрцыд нæ царды?.. Чи у аххосджын?»** Абайы-фырт радта ахæм дзуапп: «Рæдыдтытæ хорздзинæдтæй фылдæр сты. Нæ дуканитæ сафтид сты уазалгæнæнтæй, телевизортæй, сапонæй, хойраджы продукттæй. Хуымæтæг кусæг аххосджын нæу. Аххосджыныл нымайын хицæутты. Хорз у нæ ног æвзарæн системæ, æцæг демократон. Гъе 'рмæст Советтæн раттын хъæуы материалон фæрæзтæ. Ныртæккæ сæм дæгъæлтæ æмæ бандæттæ йедтæмæ ницы ис. Æгъдау æмæ фæтк сфидар кæнын у. адæмæн сæхицæй аразгæ. Фидар хъуамæ уа социалон рæстдзинад. XXVIII съездмæ материалон æгъдауæй ницæмæ æнхъæлмæ кæсын. Парти сфидар кæнын хъæуы. Иу партимæ дæр ис хорз кусæн æмæ хорз цæрæн».

Алагираг Хъуппеты А. Г. Платформæйы проектимæ разы нæу, уымæн æмæ, дам, Ленин æмæ Сталин цы фæндаг 'снысан кодтой, уымæй дыууæрдæм кæнæм. Платформæйы амынд мадзæлттæ сæххæст кæнынæн Хъуппейы-фырты хъуыдымæ гæсгæ хъæуы Сталины хъæддыхдзинад æмæ рæстдзинад сæвæрын.

Хъуппейы-фырт Сталины фарс хъæддыхæй кæй хæцы, уымæн æвдисæн сты газеты фарстытæн дзуаппытæ дæр.

Бакæсæм сæ: «Ленин, Сталин æмæ иннæ революционерты фыдæбæттæ сæ къæхты бын кæй ныккодтой, уымæй æрхауд парти æмæ хицауады кад».

Нæ бæстæйы кризисон уавæрæй фервæзын кæныны тыххæй «æппæты фыццаг бауромын хъæуы спекуляци, стæй рæстдзинад сæвæрын. Уыдон та нæй саразæн æнæ Сталины хъæддыхдзинадæй».

Йæхи горæтаг сылгоймаг чи хоны, уый дзуаппыты нæм цымыдисаг фæкаст, партион разамонæг кусджыты тыххæй кæм фыссы, уыцы бынæттæ: «...Сæ цæсгом бахордтой мулчы фæдыл, адæймаг сæм адæймаг нал кæсы. Ис мын сыхаг, куыд дзурынц, афтæмæй горкомы кусы. Машинæ йæ аласы æмæ æрбаласы, йæ сыхæгтæн салам дæр нæ дæтты. Уый цы хорздзинад скæндзæн адæмæн? Не сæфт уыны адæмæй. Партион оргæнты хъуамæ куса ног, æрыгон фæлтæр. Нырыккон партион кусæг хъуамæ коллективæй, адæмæй йæхи ма хицæн кæна. Не 'мкусджытæ куыстмæ цæуынц трамвайты, автобусты, уый дæр уыдонимæ цæуæд, уæлбикъон нæу, мыййаг. Æдылы макæй хонæд, давгæ ма кæнæд, козбаудзинад æм æвзæр кæсæд. Йæхи сæрæй хъуыды кæнæд»...

Нæ газетмæ фыссæг сылгоймаг кæд партион кусджыты критикæ кæны, уæддæр æууæнды, СЦКП-йы XXVIII съезд кæй рахæсдзæн хорз уынаффæтæ «адæмы цард истæмæй фæхуыздæр кæнынæн». Æмæ сиды, цæмæй карздæр тох самайæм советон закъонтæ фидарæй æмæ кæронмæ æххæст кæныныл.

ТОЛПАРТЫ Сослан.

Зынаргъ газеткæсджытæ!

Зæгъут уæ хъуыдытæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проекты тыххæй, Æрæджы мыхуыры уыд партийы Уставы проект дæр. Райдыдта йыл æппæтадæмон ныхас. Уырны нæ, сымах дæр-æй лæмбынæг кæй бакæсдзыстут («Рæстдзинад»-ы уыд 29 мартъийы номыры) æмæ уæ фиппаинæгтæ, бафтауинæгтæ кæй æрбарвитдзыстут газеты гом партион æмбырд «Æргом ныхас»-мæ.

РЕДАКЦИ.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ КУРОРТТÆ

Фæстаг дæс азы бæлвырд фæуæрæхдæр сты нæ республикæйы дзæбæхгæнæн бынæттæ. Фæхуыз. дæр сты рынчынтæм зилыны æмæ сæ цæрыны фадæттæ.

Уæдæ, цы арæзт æрцыд уыцы рæстæгмæ, цæмæй рухс кæны зæрдæ? Дарддæр та цы уыдзæн?

Уыдæтты тыххæй «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг ныхас кодта Цæгат Ирыстоны курортты Советы сæрдар КАСАТЫ Черменимæ. Уацхæссæджы фарстытæ æмæ сæрдары дзуаппыты мидис у ацы æрмæджы бындур.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ дæс азы дæргъы Цæгат Ирыстоны бирæ арæзт æрцыд курортты куыст фæныдлдæр кæнывы хъуыддаджы. Уымæн ис бæлвырд æвдисæнтæ. 1984 азы бæстæйы профцæдисты курорттæн разамынд дæттыны Совет йæ æмбырды сæрмагондæй æркаст Хъæрмæдоны курорты уавæрмæ. Советы уынаффæйы бындурыл ацы зындгонд дзæбæхгæнæн цыбыр рæстæгмæ йæ хуыз аивта. Æппæт куыстытæ дæр хъуамæ фæуыдаиккой 1992 азы. Фæлæ республикæйы курортты Советы хъæппæрисæй хъуыддæгтæ ацыдысты бирæ рæвдздæр. Хорз базылдысты Хъæрмæдоны зæронд бæстыхæйттæм. Афтæ зæгъæн ис, æмæ сæ бынтондæр спог кодтой. Сæвæрдтой дзы дзыхъынног хъармгæнæнтæ, чъизидæттæ кæуылты цæуынц, ахæм хæтæлтæ. Ныр уыцы бæстыхæйтты рынчынтæн цæрæн æмæ хи дзæбæхгæнæн, дохтыртæн та куçæн ис æдыхстæй.

Уымæй дарддæр Совет Хъæрмæдоны хæдзарадон мадзалæй сарæзта æртæ ног æртæуæладзыгон агъуысты 320 бынатимæ. Алы уаты дæр иу-дыууæ адæймаджы. Ис дзы æппæт фадæттæ дæр.

Санатори «Редант»-ы арæзт æрцыд ног фондзуæладзыгон агъуыст. Уым дæр — æмбæлгæ фадæттæ. Ам ма раздæр уыдис цалдæр дыууæуæладзыгон сæрдыгон агъуысты. Цæрынæн дзы æппындæр ницы фадæттæ уыд. Фæлæ ма сæм ныр бакæсут. Нал сæ базондзыстут. Ис дзы хорз хинайæнтæ, сылгоймæгтæн — сыгъдæгдзинады уæттæ, царды. уаджы лæггæдты, телевизормæ кæсынæн сæрмагонд уæттæ.

— Нæхи тыхтæй, хæдзарадон мадзалæй бынтон ногæй рацарæзтам, — дзуры Касаты Чермен, — санатори «Ирыстон»-ы 2-аг, 3-аг, 5-æм, 7-æм æмæ 9-æм корпустæ, хæрæндон 350 бынатæн. Арæзт фæвæййæм 6-æм корпус. «Арæзт», зæгъгæ, уымæн дзурын æмæ агъуыстæн йæ фыццаг хуызæй ницыуал баззайы. Раздæр-иу иу уаты цардысты 3—4 адæймаджы, ныр дзы цæрынц иугæйттæй кæнæ дыгæйттæй.

«Ирыстон»-ы ма ноджыдæр арæзт æрцыд ног дзæбæхгæнæны агъуыст. Уырдæм сменæйы дæргъы дохтыртæн сæхи фенын кæнынмæ бацæуæн ис 1200 адæймагæн. Тынг ахсджиаг хъуыддаг у уый, æмæ ам фыццаг хатт спайда кодтой Редантæ дзæбæхгæнæн суартæй. Ис дзы стыр хинайæн цад.

Рæхджы Тæмисчъы арæзт фæуыдзæн суарæй дзæбæхгæнæны агъуыст 36 ваннæимæ. Ноджы ма дзы уыдзæн дыууæ хинайæн цады.

— Куыд уынут, афтæмæй, — дзуры дарддæр Чермен, — мах архайæм рынчын адæмæн, стæй, йæ фæллад чи уадзы, уыдонæн, куыд хуыздæр гæнæн ис, ахæм фадæттæ саразыныл. Фæлæ æргом куы зæгъон, уæд нæ гæнæнтæ, нæ авналæнтæ ноджы фылдæр амонынц. Æмæ уый зындгонд у бæстæйы профцæдисты разамонæг центрон оргæнтæн дæр. Сымах хорз зонут: фарон Ирыстонмæ ссыдысты ПЦÆЦС-ы сæрдар Степан Шалаев, йæ хæдивæг (ныр Уæрæсейы хæдбар профцæдисты сæрдар) адæмы æнæниздзинадæн ницы бахæлæг кæндзыстæм.

Уазджытæ загътой сæ фæндæттæ. Æмæ республикæйы курортты Советы кусджытæм куыд кæсы, афтæмæй хицау уыдзысты сæ дзырдæн. Ирыстонæй куы ацыдысты, уымæй нуцасдæр рæстæджы фæстæ фæзынд ССР Цæдисы Министрты Советы æмæ бæстæйы профцæдисты Центрон Советы иумæйаг уынаффæ Цæгат Ирыстоны курортты арæзтад рапарахат кæныны фæдыл. Ахъаззаджы уынаффæ! Тынг ахсджиаг ныхас рауад партийы Цæгат Ирыстоны обкомы æмæ Министрты Советы дæр.

Сæ абон, сæ фидæн

Игорь Клочков, стæй курортты арæзтадæн дзуапп чи дæтты, ахæм бæрнон кусджыты къорд. Ирыстоны курорттæ, кæмттæ куыд федтой, нæ бирæ суартæй куы банызтой, уæд дисы бацыдысты, сыгъзæриныл, дам, бадут, ирæттæ, сыгъзæриныл. Уæ æрдз, уæ уæлдæф, уæ суартæ — æвдадзы хостæ. Нæ бæрзондылбадæг уазджытæм хорз нæ фæкаст, æппæт уыцы хъæздыг æвæрæнтæй фаг кæй нæ пайда кæнæм, уый. Æмæ нын сыгъдæгзæрдæйæ, цæстуарзонæй загътой:

— Ацы алæмæты æрдзы лæвæрттæм дарддæр афтæ æнæмæтæй кæсын сæрмæхæссинаг нæу. Иумæйаг тыхтæй февналæм. Мах дæр Æнæмæнг зæгъын хъæуы уый, æмæ профцæдисты облæстон Совет фидар лæууы Ирыстоны курортты куыст иудадзыг хуыздæр кæныны, ног дзæбæхгæнæнтæ фылдæр аразыны фæндагыл. Советы сæрдар, УСФСР-йы Сæйраг Советы депутат Доййаты Хъазыбег уыцы фарстатæ ныфсджынæй æвæры бæстæйы профцæдисты Центрон Советы, йæ курортты управленийы размæ æмæ хъæддыхæй архайы сæ сæххæст кæныныл.

Мах æппæты фыццагдæр хъуамæ нæ зæрдыл бадарæм иу стыр хъуыддаг: Цæгат Ирыстоны абоны курорттæ, стæй амæй фæстæмæ кæй сараздзыстæм, уыдон нуусылдæр 1991 азæй фæстæмæ уыдзысты Æппæтцæдисон ахадындзинады курорттæ. Ома, Цæгат Ирыстон суыдзæн курортты бæстæ.

— Уæдæ, цавæр курорттæ аразынмæ бавналдзыстæм хæстæгдæр рæстæг, — фæрсы Касаты Чермен, æмæ дзуапп дæр дæтты йæхæдæг. Æвæццæгæн, зонут: горæт Пятигорскы ис «Цæдискурортпроект»-ы зоналон институт. Уый ныртæккæ проекттæ аразы Цæгат Ирыстоны цыппар стыр санаторийы бæстыхæйттæн. Уыдон уыдзысты мæнæ ахæмтæ: Плиты Иссæйы номыл санатори 500 адæймагæн, санатори «Ирыстон»-ы зæххыл, 3-æм санатори 500 адæймагæн, уый дæр уым, Тæмисчъы сараздзыстæм, рагæй цæмæ бæллæм æмæ цæуыл архайæм, ахæм санатори: уым сæхи дзæбæх кæндзысты ныййарджытæ æмæ сæ сывæллæттæ. Ам дæр уыдзæн 500 бынаты.

Уæдæ ма иу æхсызгон хъуыддаг. Уымæ дæр рагæй бæллынц ирон адæм, стæй нæ сыхаг республикæты, крайты, облæстты фæллойгæнджытæ. Урсдоны арæзт æрцæудзæн, сæрдæй-зымæгæй чи кусдзæн, ахæм санатори 500 бынатимæ.

Уый ма мæ зæгъын фæнды, æмæ æппæт санаторитæ дæр уыдзысты нырыккон, æппæт фадæттæй æххæст. Алы уаты дæр цæрдзæн иу кæнæ дыууæ адæймаджы.

Исчи бафæрсдзæн, уыцы хорз санаторитæ кæд арæзт æрцæудзысты, зæгъгæ. Аразын сæ райдайдзыстæм æмæ сæ арæзт дæр фæуыдзыстæм 13-æм фондзазоны.

Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ республикæйы арæзтадон организацитæ, ныртæккæ сæм цы хъарутæ ис, уыдонимæ нæ сарæхсдзысты уыцы бæстыхæйттæ саразынмæ. Уымæ гæсгæ бæстæйы профцæдисты Центрон Совет бауынаффæ кодта Ирыстоны араздкытæн феххуыс кæнын. Сæ материалон бындур фæдомбайдæр кæнынæн сын æхца рауагъта 10,5 милуан сомы. Ратдзысты сын алыхуызон арæзтадон техникæ — бульдозертæ, экскаватортæ...

— Æмæ ног дзæбæхгæнæнты арæзтад уæртæ Хъæрмæдоны корпусы хуызæн куы ныддæргъвæтин уа, уæд та ? — фæрсын Чермены.

— Хуыцау ма зæгъæд. Уымæн уæвæн нæй. Уæрæсейы агропромсовет Хъæрмæдоны уыцы корпус аразы 17 азы. Уæдæй нырмæ æрхæц-схæц кæнынц. 10,5 милуан сомы йыл бахардз кодтой, æмæ дзы абоны онг иу уат дæр цæттæ нæма у. Æмæ кæд йæ араздкытæ — Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны агропромсоветтæ — сæхицæй не 'фсæрмы кæнынц, уæд та адæмы фарнæй фефсæрмы уæнт... Хуыздæр уавæры нæй «Тиб»-ы арæзтад дæр.

Хорз у, æмæ ахæм «боцъоджын» арæзтæдтæ Ирыстоны профцæдисты курортты Советы нæй.

Æмæ дызæрдыггаг нæу: нæ республикæйы курорттæ кæндзысты фылдæрæй-фылдæр, хуыздæрæй хуыздæр. Ирыстон суыдзæн курортты бæстæ.

РАЦАРÆЗТ КУЫСТАДЫ: КУЫД ЦÆУЫ?

МАДЗÆЛТТÆ АРАЗЫНЦ, ФÆЛÆ...

Камбилеевкæйы химион заводæн къорд азы размæ йæ хорз куысты кой арæх кодтой газетты, радиойæ æмæ телеуынынады. Цалдæр хатты республикæйы Кады фæйнæгмæ дæр хаст æрцыд. Фæлæ ацы фæстаг рæстæджы куыстуаты хъуыддæгтæ ныхъыл нал сты. Зæгъæм, иугъуыд аз фæлдæхстгæнджытæн продукци нал радта 709 мин сомы аргъ. Уый аххосæй бахауд фæстæзад куыстуæтты номхыгъдмæ. Цæмæн афтæ рауад? Уый тыххæй заводы разамонджытæ æмæ специалисттæ куыд радзырдтой, афтæмæй къуыхцыдзинад коллективы аххос нæу. Уый фæдыл хъæддыхæй дзырдтой хайæдты хицæуттæ æмæ нуæй-иу кусджытæ дæр тæмæй. Коллективæн ацы аз йæ зæрды ис 2 700 мин сомы аргъ алыхуызон хæрзхъæд товартæ рауадзын. Уый сæ къухы бафтдзæнис, уымæн æмæ фæллой кæнынц æнæзæрдæхудтæй. Фылдæр уал æвтысы вазыгджын эфиртæ уадзæн хайадæн (йæ хицау Тедеты Иван). Ам сæ æнувыд куыстæй коллективæн æмæ сæхицæн кад кæнынц слесыр Айларты Майрæм, кусджытæ Болататы Изольдæ, Табуты Владимир æмæ иннæтæ.

Ацы хайадимæ æмдзу кæнынмл архайы сæрмагонд буаргъæд цæттæгæнæн хайад дæр (йæ хицау Хохаты Заур). Раззагдæртыл ны-

---

УЫД АХÆМ РÆСТÆГ

Цæмæн куыдта Дзена?

Æз кæсын æмæ фыссын куы базыдтон, уæдæй фæстæмæ исын газет «Рæстдзинад» æмæ йыл тынг æнувыд дæн. Газеты иу номыр дæр куынæ райсын, уæд мын стыр зын вæййы. Ацы аз 11 январы дзы бакастæн Дзодзыккаты Хадизæты уац «Цы аххосджын уыд нæ фыд?» зæгъгæ. Бакастæн æй, мæ цæстысыг калдтон, афтæмæй. Мæ зæрдыл æрлæууыд мæхи фыд Бызыккаты Абадыйы хъысмæт. Хадизæты фыдимæ æмхуызон сты, царды уылæнтæ сæ уыцы иу фæндагыл ахастой. Тынг раст фыссы Хадизæт: «Иу адæймаджы культы рæстæг цас фыдбылызтæ æрхаста адæмæн, бирæ æнæзым адæмтыл сæ дуне баталынг, нал бафсæстысты сæ бинонтимæ, уарзон хъæубæстимæ цæрынæй!»

... фæндыр хъуыд. Уæд сæм Абалы дзуры: «Цалынмæ уæ къухтæ нæ алыг кодтат æхсырфытæй, уæдмæ ныууадзут уæ хъазт, акæсут ма уæлæ Тыхосты дзуары цурмæ сау халæттæ-сырх къахджынтæм, уыдон, дам, сымахмæ, фыдуаг сылгоймæгтæм æрбацæуынц». Уæд æцæгæй дæр сæрæн ницы зоныи. Лæппу ма ныууадзæд йæ ахуыр. Ахберд æм фæкæсдзæни.

Уыдон уыдысты йæ фæстаг ныхæстæ Абадыйæн.

Дзена баззад сидзæргæсæй 6 æнахъом сывæллонимæ, кæстæр Верæйыл цыд дыууæ мæйы. Изæры куы æрæмбырд стæм хæдзармæ, уæд мад дзæхста, афтæ фæци каст Нифæ — педагогон институты географион факультет. Ныр цæрдзынæн, сывæллæттæ схъомыл сты, зæгъгæ, та ногæй бæллæхы бахауд мад. 1941 азы райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Дыууæ æфсымæры Зурапп, Хадзыбечыр ацыдысты хæстмæ. Хæст хæст у, мад сагъæсы бафтыд йæ дыууæ фырты мæтæй. Уæззау азты сæм тæхуды кæнгæйæ сæ фендмæ бæллыд. Уалынмæ æрхæццæ Уæлахиз. Цины хабар Куыртаты коммæ дæр æрбайхъуыст. Удæгас ма чи баззад, уыдон сæ хæдзæрттæм цыдысты. Фыццагдæр лæппутæй Хъулаты Муради æрбацыд коммæ. Адæм кæрæдзимæ уадысты хæрзæггурæггаг. Дзенайæн дæр йæ дыууæ

Хæлардзинады тæгтæ

НОГ КУЫСТУАТ

МЕЖГОРЬЕ. Районы центры кæрон кусын райдыдта дзулы завод. Уый у тæккæ æрыгондæр куыстуат Украинæйы. Суткæмæ дзы дзул æмæ гуылтæ сфыцынц 39,5 тоннæйы. Заводы кусы аддæжинæгты цех дæр.

Зæрдæйæн цин хæссы куыстады бæрзонд культурæ. Ам мастертæн ис хипайæн æмæ дзаумæттæ æвæрæн бынæттæ, фæлладуадзæн уæттæ, хæрæндон.

«Закарпатская правда».

ЧИНЫДЖЫ КЪУЫРИ

Скъоладзауты уалдзыгон каникулты — 20 мартъийæ 31 мартъимæ республикæйы уыдис Чиныджы къуыри — Сывæллæтты чиныджы бæрæгбон.

Фыццаг хатт нæ бæстæйы ахæм къуыри арæзт æрцыд 1944 азы уалдзæджы. Цыди ма хæст, фæлæ сывæллæтты фысджытæ сарæзтой æвзонг чызджытæ æмæ лæппутæн бæрæгбон. Уазæгуаты сæм æрбацыдысты Самуил Маршак, Корней Чуковский, Лев Кассиль. Уæдæй фæстæмæ Чиныджы къуыри вæййы æрвылаз дæр.

Ацы аз уый цыди не 'хсæнад ног кæныны уавæрты. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты нæ Уæлахизы 45 азы бонмæ, В. И. Ленины райгуырды 120 азы бонмæ цæттæ кæнгæйæ.

Сывæллæтты Чиныджы къуырийы сæйраг нысан у адæмты хæлардзинады тыххæй чингуытæ, бæстæзонæн литературæ, æрдз хъахъхъæныны фæдыл уацмыстæ пропагандæ кæнын. Стыр æргом ам аздæхтой чиныджы фæрцы скъоладзауты эстетикон хъомыладмæ, рæсугъд æникъарæнтæ сæм райгуырын кæнынмæ.

Сывæллæттæ фембæлдысты сæ уарзон фысджытæ — Паддзахадон премийы лауреат Н. Юсуповимæ, Р. Рашидовимæ, М. Р. Расуловимæ, М. Яхьяевимæ, М. Ахметовимæ, Х. Авшалумовимæ...

«Дагестанская правда».

... фæхуыздæр кæныны тыххæй.

Амы цуанæттæ - кæсагахсджыты бон у лæвар путевкæтæ райсын цуан кæныны æмæ кæсаг ахсыны тыххæй. Бар сын лæвæрд цæуы лæвар 10-бонон фæлладуагъдæн цуанæтты - кæсагахсджыты хæдзæртты æмæ базæты, фæкъаддæр сты æрвылазон уæнгон фиддонтæ: цуанæттæ фиддзысты 3 сомы, кæсагахсджытæ та — 1 сом.

«Советская Кубань»

САМЕД ВУРГУН — УАЛДЗÆДЖЫ ПОЭТ

Самед Вургуны алæмæты æмдзæвгæ ногæй азæлыд стыр поэты Хæдзар-музейы. Æгас ма куы уыд, уæд ардæм куыд цыдысты йе сфæлдыстад уарзджытæ, афтæ йæм цæуынц йæ мæлæты фæстæ дæр.

Самед Вургуны поэзийы ирдæй зыны йе стыр уарзондзинад Азербайджанмæ, йæ адæммæ, у интернационалон, сæттын нæ комы рæстæгæн. Тугхæстæгæй уæлдæр æвæры советон адæмты хæлардзинад, рахуыдта йæ æфсымæрдзинад. Уый тыххæй ныхас рауад Хæдзар-музейы.

Бирæ азты дæргъы Самед Вургуны ном хæссы уырыссаг драмон театр Бакуйы. Йе сценæйы æвтыстджынæй цыдысты С. Вургуны пьесæтæ. Йæ драматурги арф фæд ныууагъта театры аивадон разамонæг æмæ директор, Азербайджаны ССР-йы адæмон артист Мелик Дадашевы, республикæйы адæмон артисттæ Рахиль Гинзбургы, Мурад Ягизаровы сфæлдыстадон цардЫ. Уый фæдыл уыдысты сæ ранымхæстæ.

Азербайджаны, æппæт бирæнацион культурæйы Самед Вургуны драматурги цы бынат ахсы, уый тыххæй радзырдтой Азербайджаны ССР-йы адæмон артисткæ Амине Дильбази, историон наукæты доктор Сарæ Ашурбейли, юрист Абдулла Ибрагимов, поэт Идаят. Æнусы æмбисæй фылдæры рæстæг ахуыргæнæг Мамед Ашуров æмбырд кæны С. Вургуны цардимæ баст æрмæджытæ.

КУЫД ЦÆУЫ?

МАДЗÆЛТТÆ АРАЗЫНЦ, ФÆЛÆ...

Камбилеевкæйы химион заводæн къорд азы размæ йæ хорз куысты кой арæх кодтой газетты, радиойæ æмæ телеуынынады. Цалдæр хатты республикæйы Кады фæйнæгыл дæр хаст æрцыд. Фæлæ ацы фæстаг рæстæджы куыстуаты хъуыддæгтæ ныйвыл ивгъуыд аз фæлхасгæнджытæн продукци нал радта 709 мин сомы аргъ. Уый аххосæй бахауд фæстæзад куыстуæтты номхыгъдмæ. Цæмæн афтæ рауад? Уый тыххæй заводы разамонджытæ æмæ специалисттæ куыд радзырдтой, афтæмæй къуыхцыдзинад коллективы аххос нæу. Уый фæдыл хъæддыхæй дзырдтой хайæдты хицæуттæ æмæ нуæй-иу кусджытæ дæр.

Куыстуатæн йæ сæйраг дæр продукци у бутилацетат. Уый æхсызгон хъæуы бæстæйы бирæ куыстуæтты. Ацы продукци уадзæн нæй æнæ уксусы туагадæй. Бирæ азты дæргъы йæ нсынц Ереваны наукон-куыстадон нугонд «Наирит»-æй. Фæлæ куыстуат дзæвгар рæстæг нæ куыста æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, хомаг дæр нæ лæвæрдта. Зæгъæм, фарон дзы хъуамæ райстаиккой 3 мин тоннæйы, нсгæ та ракодтой 2 мин тоннæйы. Сæйрагдæр продукци цæттæ кæнынæн ма хъæуы буцилон спъирт. Уымæй хъуамæ фарон ласт æрцыдаид 14 мины 440 тоннæйы, уæвгæ та сын æрбарвыстой дыууæ мин тоннæйы къаддæр.

Цæвиттон, ранымад аххосæгты тыххæй куыстуат ивгъуыд аз нæ сæххæст кодта бадзырдтæм гæсгæ продукци æрвитыны пълан.

Ныр къорд азы дæргъы завод уадзы алыхуызон фæлхасадон товартæ. Уыдон æрвыст цæуынц канд республикæйы нæ, фæлæ бæстæйы алы рæттæм. Фæстаг рæстæг коллективмæ ну уайдзæфы ныхас дæр никуы æрхауд продукцийы хæрзхъæддзинады тыххæй. Фарон уæрæх фæлхасадон товартæ уадзыны хæслæвæрд сæххæст кодтой уæлдайджынтæй, пъланæй уæлæмæ продукци рауагътой 610 мин сомы аргъ. Æфтиаг та сæм æрбахауд 201 мин сомы. Кæд хæдзарнуæгады æууæлты ныр дыккаг аз кусынц, уæддæр сæм цы æфтиаг æрбахауы, уымæн æнæхъæнæй хицау нæма сты. Зæгъæм, фарон республикæйы Финансты министрад бадомдта, цæмæй алы кварталы дæр заводы уæлæмхасæн æфтиагæй 24 мин сомы æрвыст цæуа уый хыгъдмæ.

Заводы хъуыддæгтæ ацы аз хуыздæр сты. Зæгъæм, дыууæ мæйы бæрæггæнæнтæ куыд равдыстой, афтæмæй уæрæх фæлхасадон товартæ уадзынæй пълан сæххæст кодта 104,8 процентæй. Сæ хæрзхъæддзинадмæ фау æрхæссæн нæй, афтæмæй. Коллективæн ацы аз йæ зæрды ис 2 700 мин сомы аргъ алыхуызон хæрзхъæд товартæ рауадзын. Уый сæ къухы бафтдзæнис, уымæн æмæ фæллой кæнынц æнæзæрдæхудтæй. Фылдæр уал æвтыгсы вазыгджын эфиртæ уадзæн хайадæн (йæ хицау Тедеты Иван). Ам сæ æнувыд куыстæй коллективæн æмæ сæхицæн кад кæнынц слесыр Айларты Майрæм, кусджытæ Болататы Изольдæ, Табуты Владимир æмæ иннæтæ.

Ацы хайадимæ æмдзу кæнынил архайы сæрмагонд буаргъæд цæттæгæнæн хайад дæр (йæ хицау Хохаты Зауыр). Раззагдæртыл нымад сты агрегаттыл кусджытæ Багаты Ибрагим, Мæргъиты Геор æмæ æндæртæ.

Фидæнмæ уæм ногæй цы уыдзæн, зæгъгæ, куы бафарстон заводы разамонджыты, уæд афтæ загътой: «Ацы аз дыккæгæм кварталы уадзын райдайдзыстæм полиэтилены пленкæ». Цæттæ дзы кæндзыстæ, адæмы æхсызгон чи хъæуы, ахæм дзæкъултæ. Уый тыххæй арæзт æрцыд хицæн бæстыхай, сæвæрдтой дзы ног кусæнгæрзтæ æмæ рæхджы скусдзысты. Æртыккаг кварталы та уадзын райдайдзысты олифæ дæр

Рæхджы заводы кæрты байгом уыдзæн продукттæ уæйгæнæн дукани.

Арæзт æрцыд æмæ кусын райдыдта адæмы æнæниздзинад фидаргæнæн комплекс. Уым ис ленкгæнæн бассейн, хинайæн, фæлладуадзæн уат. Уым сты телевизор, стъолыл хъазæнтæ, баулæфынмæ цъæтджын сынтæджытæ. Ис дзы дзаумæттæ ивæн бынæттæ дæр. Тагъд уый фарсмæ аразын райдайдзысты æмæ 1992 азы сцæттæ уыдзæн спортивон комплекс. Абоны онг сæм буфет йедтæмæ ницы уыд. Рæхджы кусын райдайдзæн хæрæндон. Уæдæ 1992 азмæ арæзт æрцæудзæн, нырыккон кусæнгæрзтæй ифтонг чи уыдзæн, ахæм ахорæн цех дæр.

Куыстуаты разамынд нæ рох кæны адæмы царды уавартæ фæхуыздæр кæнын дæр. Заводы хардзæй арæзт цæуы æмæ ацы азы кæронмæ сцæттæ уыдзæн 40-фатерон цæрæн хæдзар. Радих кодта æхца фидæн аз 50-фатерон цæрæн хæдзар саразынæн дæр.

Куыд уынæм, афтæмæй куыстуат лæууы рæсты фæндагыл, æцæг æнæмæнг алыг кæнын хъæуы æфенсады фарста. Завод хъуамæ æдзух æххæст кæна йæ пълантæ.

КЦОЙТЫ Астемыр,
æхсæнадон уацхæссæг.

Цæмæн куыдта Дзена?

Æз кæсын æмæ фыссын куы базыдтон, уæдæй фæстæмæ исын газет «Рæстдзинад» æмæ йыл тынг æнувыд дæн. Газеты иу номыр дæр куынæ райсын, уæд мын стыр зын вæййы. Ацы аз 11 январы дзы бакастæн Дзодзыккаты Хадизæты уац «Цы аххосджын уыд нæ фыд?» зæгъгæ. Бакастæн æй, мæ цæстысыг калдтон, афтæмæй. Мæ зæрдыл æрлæууыд мæхи фыд Бызыккаты Абадыйы хъысмæт. Хадизæты фыдимæ æмхуызон сты, царды уылæнтæ сæ уыцы иу фæндагыл ахастой. Тынг раст фыссы Хадизæт: «Иу адæймаджы культы рæстæг цас фыдбылызтæ æрхаста адæмæн, бирæ æназым адæмтыл сæ дуне баталынг, нал бафсæстысты сæ бинонтимæ, уарзон хъæубæстимæ цæрынæй!»

Куырттаты комы Цымытийы хъæуы мæгуыр зæхкусæджы хæдзары 1888 азы уыд стыр куывд, Бызыккаты хæдзары лæппу Абады кæй райгуырд, уый фæдыл. Бонтæ цыдысты, рæстæг уади, афтæ Куырттаты коммæ æрбайхъуыст колхозтæ аразыны хабар. Тынг æхсызгон уыди мæгуыр зæхкусæг адæмæн, уымæн æмæ зæххытæ уыдысты иугæй хъæздгуыты къухы. Ныр та иумæйаг зæхх, иумæйаг фос, куыст иумæ, сæ фæллой — иумæйаг къæбицмæ. Фыццаг бонæй фæстæмæ мæ фыд Абады райдыдта колхозы кусын. Алы куысты дæр уыд раззаг. Дыууæ азмæ йын иумæйаг æмбырды лæвæрд æрцыд хъазуатоны æвдисæндар.

Колхозтæ тыхджынæй - тыхджындæр куыд кодтой, афтæ хæхбæсты дæр рапарахат сты зæххы куыстытæ. Адæм бавнæлдтой иумæйаг къæбиц хъæздыг кæнынмæ. Сæрдыгон бонты сæ тæккæ тæмæны бацыдысты хортæ æнæсæфтытæй бафснайыны куыстытæ. Мæныл уæд сæххæст фараст азы, уыцы бонмæ фыд мæн дæр акодта йемæ, ды дæр истытæ кусдзынæ, кæм дон æрдавын хъæуы, кæм хоры æфсиртæ раундзын, зæгъгæ. Æмæ цы хъæлдзæг фæсивæд уыди колхозы быдырты, абон дæр ма мæ цæстытыл уайынц.

Уый уыдис 1937 азы 26 июлы Цымытийы. Хъуагомы быдырты. Кæд сæ фæндыр цæгъдынмæ не 'вдæлди кусгæ-кусын, уæддæр-иу дзыхæй куы æрцагътой, уæд ма цæй фæндыр хъуыд. Уæд сæм Абады дзуры: «Цалынмæ уæ къухтæ нæ алыг кодтат æхсырфытæй, уæдмæ ныууадзут уæ хъазт, акæсут ма уæлæ Тыхосты дзуары цурмæ сау халæттæ-сырх къахджынтæм, уыдон, дам, сымахмæ, фыдуаг сылгоймæгтæм æрбацæуынц». Уæд æцæгæй дæр сырххудджынты куы ауыдтой Тыхосты тигъыл, уæд сылгоймæгтæ æмдзыхæй зæгътой, нæ, нæ, уыдон фыдуаг лæгтæм цæуынц, зæгъгæ. Æцæгдæр афтæ рауади. Цас ма ахаста сæ хъæлдзæгдзинад. Сихор хæрынмæ куыд æрбамбырд сты, афтæ хæргæ дæр нал бакодтой, фæдзырдтой æвзаргæдæр фæсивæдмæ Бызыккаты Абадымæ, Хъараты Тушманмæ, Гаппуаты Никъаламæ, ахуыргæнæг Хæдарцаты æфсымæртæ Аслæнбег, Алихан æмæ бирæ æндæртæм, æдæппæт 15 адæймагмæ, фезмæлын дæр сæ нал бауагътой, афтæ сæ æмбойны балæууыи кодтой Дзæуджыхъæуы. Уæды рæстæджы адæмæй ма Басаты Ази куыд зæгъы, Абады, дам, æнæ донранæй дæр дон рауагътаид, ахæм сæрæн уыд, куысты мидæг цæрдæг, æнæхин, адæмæн уарзон, куыст домаг, æмæ йын колхоз дæр ахæм аргъ кодта, уымæн ын радтой раззагдæр колхозоны ном. Хъуагомы быдырæй йæ куы ракодтой, уæд нæхи цур Уациллайы тигъæй барвыста йæ бинойнаг Дзенамæ, уыцы гæххæт ма рахæсс, зæгъгæ. Абадыйæн йæ фæстаг фæдзæхст уыд, уыцы сывæллæтты æххормаг ма ныууадз. Дзена, чи зоны, æз дæр ахст бирæ нæ фæуон, цы кодтон, мæ сæрæн ницы зоныи. Лæппу ма ныууадзæд йæ ахуыр, Ахберд æм фæкæсдзæни.

Уыдон уыдысты йæ фæстаг ныхæстæ Абадыйæн.

Дзена баззад сидзæргæсæй 6 æнахъом сывæллонимæ, кæстæр Верæйыл цыд дыууæ мæйы. Изæры куы æрæмбырд стæм хæдзармæ, уæд мад куыдта хæкъуырццæй авдæны уæлхъус. Æмæ мах дæр базыдтам, кæй нал нын ис фыд, уый. Æз уæд афтæ бакодтон, Дзена, зæгъын, Къостайы сидзæргæс йæ сывæллæттæн хъæдурты æфсон дуртæ куы фыхта, уæд махмæ хъæдур иу гоны дзаг куы ис, цæмæн кæуыс?

Фæлæ цасы фаг сты цæттæ фæллой, уæлдайдæр ног арæзт колхозы кусæг куы нæ уа, уæд? Чи дæтты, уал сывæллоны фаг хæринаг? Нæ мад ма бæргæ æнхъæлмæ касти, фыд æрбаздæхдзæн, зæгъгæ, фæлæ бонтæ, азтæ куы адаргъ сты, уæд йæ бон базыдта. Фæлæ нæ фæтарст зындзинæдтæй, райдыдта колхозы кусын, йæ комы комдзагæй нæ хаста. Мæнæ куыд зæгъы Годжиаты Поли. Уый дæр йæхæдæг сидзæргæсæй баззад хæсты фæстæ. Мах, дам, нумæ фæкуыстам Дзенаимæ колхозы æмæ, дам, никуы бахордта йæ хай, афонмæ мæ сывæллæттæ сæххормаг сты, зæгъгæ. Сæ фыд, дам, мын фæстæмæ дæр уыдоны фæдзæхста. Æмæ ма йын иннæтæ дæр сæ хæйттæ лæвæрдтой.

Махæй дæр чи куыстхъом фæци, чи ахуыр кодта, фенцондæр нс мадæн. Хистæр лæппу Зурапп, фыд куыд фæдзæхста, афтæ фæци каст педучилище, кæстæр хо Нифæ — педагогон институты географион факультет. Ныр цæрдзыстæм, сывæллæттæ схъомыл сты, зæгъгæ, та ногæй бæллæхы бахауд мад. 1941 азы райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Дыууæ æфсымæры Зурапп, Хадзыбечыр ацыдысты хæстмæ. Хæст хæст у, мад сагъæсы бафтыд йæ дыууæ фырты мæтæй. Уæззау азты сæм тæхуды кæнгæйæ сæ фендмæ бæллыд. Уалынмæ æрхæццæ Уæлахиз. Цины хабар Куырттаты коммæ дæр æрбайхъуыст. Удæгас ма чи баззад, уыдон сæ хæдзæрттæм цыдысты. Фыццагдæр лæппутæй Хъулаты Муради æрбацыд коммæ. Адæм кæрæдзимæ уадысты хæрзæггурæггаг. Дзенайæн дæр йæ дыууæ лæппуйы æрцыдысты, кæстæр Хадзыбечыры риуыл æрттывтой хæрзиуджытæ.

Мæхæдæг дæр æнцад нæ бадтæн. Тугкалæн хæст Кавказмæ куы схæццæ, уæд Куырттаты комыл Дзуарыхъæуæй ластам уæззау цæф салдæтты Лæцы госпитæлмæ, рогдæр цæфты та дарддæр æрвыстам Фæскавказмæ. Уый тыххæй мын лæвæрд æрцыд «1941—45 азты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъазуатон фæллойы тыххæй» майдан.

Ныр нæ алчидæр сси хицæн бинонтæ. Цæрæм алы рæтты, алы мыггæгты æхсæн. Ныхасы баззад, мад, фыды фæллой ничима бафыста, зæгъгæ, фæлæ мах фыд нæ базыдтам, мад нæ йæ комы комдзæгтæй фæхаста æмæ йын хорз уыдыстæм. Лæппутæ кæд афонæй раздæр ныууагътой ныййарæг мады, уæддæр уыдоны цотæй дæр рæвдыдæй ацыд йæ фырттæм. Тынг разы стæм нырæккæйы рæстæгæй, адæймагæн коммæ дзуры фадат кæй ис, уымæй. Ахæм рæстæг куы уыдаид 1937 азы, уæд Куырттаты комы æвзаргæ фæсивæд нæ фесæфтаиккой æбæрæгæй.

БЫЗЫККАТЫ-ДЖИОТЫ Замирæт,
хæсты æмæ фæллойы ветеран.

КЪАМЫ: БЫЗЫККАТЫ Дзена æмæ йæ чызг ЗАМИРÆТ (хæсты фæстæ ист къам).



Ацы ирон хæдзар-хæрæндон сырæзт Ручъы фæндаджы былгæрон Бæгъаты суармæ хæстæг. Фæндаггæттæ ам кæддæриддæр сæ фæллад суадзынц, æдзухдæр дзы вæййы хæрзад хæринæгтæ, бæрæг æмæ аджын дæттæ.

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

... В. И. Ленины райгуырды 120 азы бонмæ цæттæ кæнгæйæ,

Сывæллæтты Чиныджы къуырийы сæйраг нысан у адæмты хæлардзинады тыххæй чингуытæ, бæстæзонæн литературæ, æрдзы хъахъхъæныны фæдыл уацмыстæ пропагандæ кæнын. Стыр æргом ам аздæхтой чиныджы фæрцы скъоладзауты эстетикон хъомыладмæ, рæсугъд æнкъарæнтæ сæм райгуырын кæнынмæ.

Сывæллæттæ фембæлдысты сæ уарзон фысджытæ — Паддзахадон премийы лауреат Н. Юсуповимæ, Р. Рашидовимæ, М. Р. Расуловимæ, М. Яхьяевимæ, М. Ахметованимæ, Х. Авшалумовимæ...

«Дагестанская правда».

ГУЫРДЗИАГ КЪУХНÆ — ФРГ-йы

Гуырдзыстоны театралон æхсæнады Тбилисы ресторан «Дуруджи»-йы хæринагтæгæнæг Теймураз Зедчинидзе ацыд ФРГ-мæ. Уый йæ фæлтæрддзинад бацамыдта хурныгуылæйнаг æмкусджытæн гуырдзиаг национ хæринæгтæ цæттæ кæныны хъуыддаджы. Уый уазæгуаты сбæрæг кодта йæ цард дæс æмæ дыууиссæдз азы бон. Цы хæринæгтæ кæны, уыдон сты тынг хæрзад. Æмæ тынг фæцыдысты немыцæгты зæрдæмæ, скодтой сын стыр аргъ.

«Заря Востока».

КУЫСТЫ МЫЗД

Зæрдиагæй кусынц сæ чысыл фермæйы Шептуховы астæуккаг скъолайы ахуырдзаутæ. Уыдон зилынц родтæм.

Æвзонг лæппутæ æмæ чызджытæ арæхсынц фосдарынады, слесыры, механизаторы куыстытæм. Сæ хистæртау уыдон дæр сæ хæдзæрттæм æрбахæссынц куысты мызд.

Æвзонг фосдарджытæн тæккæ егъаудæр хæрзиуæг уыд горæт Ворошиловградмæ балцы ацæуын. Уым уыдысты хæстон намысы музейы, цирчы.

«Молот»

ЦУАНÆТТЫ ПАЙДАЙÆН

Краснодары крайы цуанætты æмæ кæсагахсджыты æхсæнады совет аразы мадзæлттæ цуанæтты æмæ кæсагахсджыты куысты

... сценæйы ... кæй ... С. Вургуны пьесæтæ. Йæ драматурги арф фæд ныууагъта театры аивадон разамонæг æмæ директор. Азербайджаны ССР-йы адæмон артист Мелик Дадашевы, республикæйы адæмон артисттæ Рахиль Гинзбургы, Мурад Ягизаровы сфæлдыстадон царды. Уый фæдыл уыдысты сæ раныхæстæ.

Азербайджаны, æппæт бирæнацион культурæйы Самед Вургуны драматурги цы бынат ахсы, уый тыххæй радзырдтой Азербайджаны ССР-йы адæмон артисткæ Амина Дильбази, историон наукæты доктор Сарæ Ашурбейли, юрист Абдулла Ибрагимов, поэт Идаят. Æнусы æмбисæй фылдæр рæстæг ахуыргæнæг Мамед Ашуров æмбырд кæны С. Вургуны цардимæ баст æрмæджытæ. Ахуырдзаутæ йын акодтой йæ æмдзæвгæтæм гæсгæ арæзт зарджытæ.

Самед Вургуны бинонты номæй адæмæн зæрдиаг арфæ ракодта йæ чызг, Хæдзар-музейы сæйраг хъахъхъæнæг Айбениз Векилова, йæ фыды йын кæй мысынц, уый тыххæй. Уый фæстæ уыдон байхъуыстой магнитофоныл фыстæй Самед Вургуны хъæлæсмæ.

«Бакинский рабочий».

АИВАДЫ ФÆНДАГЫЛ

Зындгонд цæцæйнаг артисткæ Раисæ Гичаева (Исаева) кусы Цæцæны Х. Нурадиловы номыл драмон театры. Уый у, аивадæн 120 азы чи радта, вайнахагы актерты уыцы династийæ. 33 азы Раисæ фæцард сценæйы. Уым хъазыд йæ фыд, уым тæмæнтæ калдта йæ мады курдиат.

Раисæйы фыды æфсымæр Саид Бадуев уыд цæцæйнаг советон литературæйы бындурæвæрæг, фыццаг вайнахаг драматургтæй иу. Йæ уацмыстæй дæсæй фылдæр сæ цард ссардтой ацы театры. Раисæйы фыд Мовжид Бадуев æмæ мад Асет Исаева уыдысты Цæцæн-Мæхъæлы театры фыццаг артисттæ. Уыдон сæ хорз арæхстдзинадæй театрдзаутæн уарзын кодтой аивад æмæ сын адæмы æхсæн уыди стыр кад. Ныр та сын сæ тырыса дарддæр кæнынмæ хæссы сæ чызг Раисæ.

«Грозненский рабочий».

Æрæмбырд сæ кодта ТЫДЖЫТЫ Юрий.

Хъайттаты Сергей.

ÆРТÆ ÆРТАХЫ

(СÆРГÆНДТÆ ПОВЕСТÆЙ)

Арын дзы, æдзардæй чи фесæфт, уыцы зынгхуыст хæстонты ныййарджыты ном.

I.

— Æз уадзын сидт æртæ æртахы тыххæй! Уæззау хæсты рæстæг хъæбул, кæнæ уарзонмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ цы судзаг цæссыджы æртах æрхауд, уый тыххæй... Тохы быдыры, Райгуырæны сæраппонд æнæвгъау цы туджы æртах ныккалд, уый тыххæй... Фæсхæст нæ бæстæ ногæй йæ къахыл лæууын кæнгæйæ, цы уæззау хиды æртах æрхауд, уый тыххæй... Æнусмæ кæд æмæ намыс уыцы æртæ æртахæн!..

Цал æмæ цал æнæхуыссæг æхсæвы арвыста Серæуыз, цалынмæ ахæм сидт ракодта, уæдмæ... Цас фæндæгтыл æй бахъуыд цæуын карды комыл цæуæгау?... Хæст... Тохы быдыртæ... Уапар... æмæ та ногæй хæст... Фæсхæст...

Уæвгæ хабар йæ сæрæй ракæнæм.

Уыдис уалдзæг, мин фараст сæдæ цыппор æртыккæгæм фыдазы уалдзæг. «Фыдаз» та уымæн æмæ ма йæ тæккæ тынгыл уыдис хæст. Искуы-иу стæмтæ йедтæмæ Ирыстоны ахæм хæдзар нал баззад. æнну канд Ирыстоны нæ, фыдуацы сау хабар кæй къæсæрæй нæ бахызт... Дзурынц, зæгъгæ, дам-иу постхæссæг сау писмо йæ дзыппы къуыригæйттæ фæхаста, йæ зæрдæ йæ бадæттын нæ куымдта... Уæлдайдæр та-иу кæрты сывæллæттæ куы федта, уæд... æнахъом сидзæрты... Фæлæ уæддæр раджы уа — æрæджы, искуыдæрма хабарæн æнæ ахъæр, æнæ фехъусынгæнгæ уыд?..

...Выдираг хъæу. Бады хæдзары тъахтиныл мад. Йæ боны куыстытæ бакодта. Бады ирон сылгоймаг Замирæт æмæ йæ дыууæ фыртыл хъуыдыты адзæгъæл. Мад дам кæстæры фыдæр фæуарзы. Кæстæр Серæуыз ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы... Фæци каст цавæрдæр арæзтадон техникум... Æрцæуын афон ын у, фæлæ цæмæндæр æрæджы кæны... Хистæр лæппу Додти — хæсты... Ныр дзы кæдæй нæй хабар...

Замирæт сыстад, райста къамоды сæрæй йæ фыртты къам æмæ фæстæмæ æрбадт... Бирæ йæм фæкаст...

— Охх, æна, цæй фæллад дын бакодтон... — загъта, цыма йæ фырттæн йæхи буц кодта, — цæй фæрсты фидар мын разынд?..

Мад йæ хъæбултимæ «ныхас кæны»: — О, мæ хæдзардар Додти. Ма мыл фæхудæд дæ зæрдæ, мæ хъæбул. Мæ цæстæй цæссыг нал хауы, зæрдæ хъарæгæй ныддур. Кæм дæ, цы ран? Цæуылнæ исты ныффыссыс? Цы кæнон? Кæдæм дæм фæцæуон агурæг?.. Лæппу, исты бахордтай? Цæй фæлладхуыз дæ, мæ фæрстæ дын фехæлой?.. Сыздæхынæй мын зæрдæ бавæр... Хъусыс? Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн...

Залихан иучысыл фæхъус, стæй йæ цæстæнгас кæстæрыл æрæвæрдта:

— Ды та цæмæн æрæгмæ зыныс, мæ къона? Куы, дам, фæдæ ахуыр... Дæ зæрдæ ма фæриссы?..

Серæуыз къамæй мидбыл худгæ каст. Бахудт зынамæ зына мидбыл мад дæр... Йæ зæрдæ сæ рухс уыд...

— Дысон та уæ мæ фыны федтон. (Æвæццæгæн-иу арæх ныхас кодта йæ фырттимæ къаммæ). Хъазыдыстут... Худтыстут... Цыма Додти домдта, цæмæй мын фæндырæй ацæгъда Тамарæ. Серæуыз ыл худт, стæй æваст йæхæдæг «чындзхасты» зарæг ныккодта... стæй... стæй цыма Додти сау бæхыл абадт æмæ йæ уый аскъæфта... Серæуызимæ кæсгæйæ баззадыстæм йæ фæдыл... Додти уæлбæхæй ныххудт... Раст цыма ныр дæр мæ хъустыл йæ худт уайы...

Мад сыстад. Сæвæрдта фæстæмæ къам йæ бынаты

— Æлгъыст фæуæд сымах амондмæ йæ къух чи æрбакодта! Сидзæргæс ныййарджыты тæригъæд йæ фæдыл æфтыд фæуæд!

...Дуар æрбахостæуыд æмæ Замирæт уыцырдæм фездæхт. Цæмæндæр йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп æмæ дуары къуырцц-къуырцц баиу сты. «Куы ничи фæхойы... Чи хъуамæ уа?» — ус тъахтиныл æрбадт.

— Кæцы дæ? Мидæмæ.. Дуар гом у...

Æрбацыд цавæрдæр лейтенант æрыгæттæ адæзт йæ лæдзæджы æнцæйтты. Йæ риуыл «Сырх Стъалыйы» орден, дыууæ майданы. Йæ къухы фарсылдаргæ сырак хызын.

Замирæт сыстад.

— Де 'зæр хорз, нæ мады хай!

— Æгас цу... кæй лæппу дæ?

— Æз... Ардыгон нæ дæн... Гæбылаты Додтийы мад ам цæры? — къуылымпыгæнгæ бафарста лейтенант æмæ гæххæт мæ æркаст. — Нæ фæрæдыдтæн?... мæнæ адрис.

— Нæ, нæ фæрæдыдтæ... Æз дæн йæ мад... — æмæ ма цæуылдæр йæ зæрдæ даргæйæ бафтыдта... — æнхъæлмæ дзы кæсын фыстæгмæ. Цæмæндæр æрæгмæ фыссы ацы хатт.

Мад йæхи сабыр кодта: — Æвæццæгæн, йæ фадат нæу... — бакаст къаммæ. — Æмæ та йын æз дæр чысыл раздæр йæ фæстаг писмо кастæн..

Фæкаст нуцасдæр къаммæ лейтенант дæр. Замирæтæй айрох æнахуыр бæлццонæн «сбад», зæгъын дæр.

— Цымæ цæмæн æрæгмæ фысса? — бакаст лейтенантмæ ус. Кæд мыййаг, цæф у?.. Гъе та?.. — Æваст цæмæйдæр фæтарст... Уырдыгæй ссыдтæ? Хæстæй?

— Æз военкоматæй дæн... Æгас у? Цæф нæу?

Лейтенант куы ницы дзырдта, уæд мад басагъæс кодта:

— М'арт бауазал... Цæуылнæ исты дзурыс?... Цы хабар мæм дзы æрбахастай?

— Дæ лæппу... — инæгæнæй дзурæгау, тынг зынтæй райдыдта лейтенант. — Ныххатыр кæн... тынг зын у мæнæн йæ зæгъын...

Замирæты буары арвдзæфау æваст цыдæр иннæрдæм ахызт, фæлæ ма йæ уд æрдуйыл дарæгау афарста:

— Цæф у? Уæззау цæф?.. Æви...

— Æнамонд хабар, — систа йæ худ лейтенант... — Додти фæмард...

Замирæты пæстытæ атартæ сты, зæрдæ риуы æнахуыр рæхуыст скодта æмæ тъахтиныл æдыхæй æрбадт.

— Фæмард хъæбатырæй... — дзырдта дарддæр уæззау уац æрбахæссæг, фæлæ уыцы ныхæстæ мадмæ нал хъуыстысты.

— Мæ хæдзар куыд байхæлд, — ныдздзынæзта æнамонд ныййарæг. Кæуы, ниуы... лейтенант æй нæ хъыгдары. Цæй æхсызгонæй бацыдаид карз хæсты ныббырсты знаджы нæмгуыты дзыхмæ, ахæм уац фехъусын кæныны бæсты, ахæм æвирхъау нывмæ кæсыны бæсты. Æрызгъордтой йæхи рустыл дæр цæссыгтæ хъæбатыр хæстонæн æмæ сæ аивæй асæрфта. Ныккодта йæ худ æмæ арæнхъахъхъæнæгау, æдзардæй зынгхуыст хæстоны ныййарæджы раз æнæфезмæлгæ лæууыд.

Мад æнуд куыд кодта. Йæ разы лæууæгмæ афтæ фæкаст, цыма сылгоймаджы нæ фæндыд, исчи йæ хъыгæй хайджын уа. Иу æмæ дыууæ хæдзарæй нæ фæхъуысы хъарæг, гъе та цæссыгкалгæ фæндыры зæрдæхалæн зæлтæ.

Рацыд рæстæг. Ныййарæг йæ хæкъуырцц куыдæй ныссабыр. Райста та къам. Бирæ йæм фæкаст, байрох дзы бынтон лейтенант.

Замирæт къам фæстæмæ йæ бынаты куы сæвæрдта, æрмæстдæр уæд фæкомкоммæ йæ разы лæууæгмæ. Æрбадт лейтенант, арæхстгай систа йæ хызынæй аив баст тыхтон æмæ йæ Замирæты уæрджытыл æрæвæрдта.

— Уæ писмотæ... йæ гæххæттытæ... йæ хæрзиуджытæ... — загъта уый

Мад райхæлдта тыхтон. Цæссыгтæ та цæугæ суадæттæ басгуыхтысты. Гъе, æцæг ацы хатт æнæ уæлæмæдзургæйæ... Æрбахгæдта тыхтон æмæ йæ æнæбастæй къамы цур æрæвæрдта. Фæкомкоммæ йæ размæлæууæджы лæдзæгмæ... къахмæ... æнахуыр æмраст къахмæ... Риумæ... Хæрз æрыгон цæсгом. Чи зоны, нуцасдæр ауад уый мад дæр йæ цæстытыл, йе та лæппуйæн ауад йæ цæстытыл хи мад. Йæ уæззау цæфы хабары фæстæ.

— Цæй, слзырдта цæуын æввонгæй лейтенант, — ныббар... æнамонд хабар дæм æрбахастон.. — æмæ сабыргай араст.

— Фæлæуу! — фидарæй загъта ус æмæ йæм лæппу дисхуызæй бакаст.

— Æз... æппæтдæр куы загътон... — фæкъуылымпы лейтенант.

— Уадз, цыфæнды зын дæр мын уæд... Мæн фæнды... æз хъуамæ зонон, куыд æрцыд хабар... раст куыддæриддæр уыд афтæ...

Афицер та ног зын уавæры бахауд.

— Дæу фæнды базонын?..

— О, мæн фæнды базонын...

«Хъæбатыр сылгоймаг», — ахъуыды кодта хинымæр лейтенант. Систа йæ хызынæй æртæтигъон фыстæг, фæлæ йæ цæмæндæр фæстæмæ нывæрдта æмæ райдыдта:

— Августы кæрон дæ фырт — сержант Гæбылаты Додти уыди разведкæйы, йе 'мбалимæ знаджы фæсчъылдым. Куы 'рбацæйздæхтысты, уæд сыл фашисттæ æрхъула сты. Сержант йæ хæстон æмбалæн бардзырд радта, ахсджиаг гæххæттытæ æмæ картæ бынатыл сæмбæлын кæнын. Йæхæдæг немыцæгтимæ схæцыд. Аирвæзын кодта гæххæттытæ чи ахаста, уый. Йæхæдæг Додти уым...

II.

Хур ныгуылæны къахырæй ныттылд, йæ фæстаг тынтæ ма Сæнайы хохы хурныгуылæн фахсыл ныдзæвыдысты. Зæрæхсид арвгæрæтты ссыгъд æмæ бæрзонд урс мигъты сызгъæрин цады ныннадта. Серæуыз хъæугæронмæ хæстæг хъазæн фæзмæ æрхæццæ, у бæлццонхуыз. Ам хæстæг — йæ фыды ингæн уæлмæрдты. Лæппу æрлæууыд. Алфамблай кæсы:

— Райгуырæн хъæу, куыд æхсызгон у дæ фенд, — æваст алфамблай зæрдæрухсæй Серæуыз, фæлæ æваст йе 'рфгуытæ фæтар сты. Æрцыд æнамонд хабар — фæмард хæсты йæ иунæг æфсымæр Додти. Йæ хорз зонгæ горæты военкоматы кусы... уый йын загъта... радта йæм гæххæтт дæр. Сау гæххæтт ныр къорд боны æмбæхсы, йæ сидзæргæс мадæн æй куыд схъæр кæна? Уый адæргæй фæстиат кодта горæты дæр. Æрцыд ныр фыды ингæнмæ, ардæм, уымæн æй хъуамæ зæгъа... Зæгъдзæн ын ноджы хæрзбон...

(Уыдзæн ма)

Спектакль — хæлардзинады хид

Куклаты театр «Саби»-йы алы ног спектаклыл дæр æхсызгонæй сæмбæлынц нæ чысыл театрдзаутæ. Театры сфæлдыстадон коллективимæ базонгæ сты æмæ «Саби»-йы спектаклыл зæрдиагæй æмбæлдысты куыд нæ республикæйы, афтæ Мæскуы æмæ Ленинграды, Владивосток æмæ Стъараполы, Налцыкк, Тбилис æмæ Хуссар Ирыстоны кæстæр кары сабитæ æмæ скъоладзаутæ.

Ирон сценæйы дæснытæ сæхи театралон хæлардзинады тæгтæй сбастой Болгарийы горæт Кырджалийы куклаты театримæ.

Ацы театралон коллектив фарон гастролты ссыдис Ирыстонмæ æмæ цалдæр спектаклы равдыста «Саби»-йы сценæйы. Нæ горæты æвзонг театрдзаутæ райгондæй баззадысты болгайраг артисттæй. Уый размæ уыдон сæхимæ ахуыдтой «Саби»-йы. Уый Кырджалимæ аласта Гайты Михалы драмон уацмысмæ гæсгæ арæзт спектакль «Амраны кадæг». Ирыстоны театры минæвæрттæ сæ рæсугъд аивадæй дисы бафтыдтой канд чысыл театрдзауты нæ, фæлæ фæсарæйнаг театралон критикты дæр. Болгарийы сæйраг газетты ныммыхуыр кодтой æппæлæн рецензитæ.

Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, хуыздæр уыдаид, болгарийы сценæйыл спектакль ирон æвзагыл куы равдыстаиккой, уæд. Кырджалиаг театрдзау федтаид ирон сценикон уацмысы национ удыхъæд, оригиналондзинад.

Ирон — болгайраг, театралон хæлардзинад æнгомæй-æнгомдæр кæй кæны, уый хорз у. Æрæджы та горæт Кырджалийы Филипп Филипповы номыл куклаты театры директор æмæ аивадон разамонæг Ирæ Влахова нæ республикæйы театр «Саби»-йы сæвæрдта ног спектакль Г. Карасловы уацаумæ гæсгæ арæзт Петр Сыбчевы драмон уацмыс «Цæргæсы айнæг».

Ирыстонмæ æрцæуæг болгайраг режиссер Ирæ Влахова æмæ нывгæнæг-сценограф Снежана Гыркова мæйы бæрц фæкуыстой нæхи артисттимæ. Нæ театры курдиатджын артисттæ зæрдиагæй бацархайдтой, цæмæй драмон уацмысы авторы æмæ режиссеры арф хъуыдытæн радтаиккой сценикон цард. Иуæйнутæн æнтысгæ дæр бакодта. Спектаклы сæйраг роль Орфей у. Ацы фæлгонц аив ахорæнтæй сныв кодта артисткæ Сихъоты Фиалæ. Сихъоты чызджы Орфей у хъæбатыр, ныфсхаст лæппу. Уый мæлæтæй дæр нæ тæрсы, Фæнды йæ адæмæн хорздзинад аразын. Спектаклы сæйраг архайæг музыкалон инструменттæй Нарты Ацæмæзау нæртон цагъд кæй кæны, афтæ тынг уымæн бауарзтой адæм Орфейы.

Хъæбулы уарзондзинад раргом кæнын æхххæстæй йæ къухы нæ бафтыдис Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт артист Евгения Зубинайæн. Мад йæ фыртыл фембæлы уазал зæрдæимæ. Спектаклмæ кæсгæйæ Зубинайы сконд фæлгонцæй ахæм хатдзæг скæнæн ис: усæн йæ сæры хицау æнæниз уæд, æндæр хъæбулы тыхстдзинæдтæ уымæ хаугæ дæр нæ кæнынц. Царды ахæм ныййарджытæ къаддæр кæй ис, уый дызæрдыггаг нæу.

Спектаклы хуыздæр фæлгонцтæ саразын сæ бон баци Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт артист Пухаты Георгийæн (æзæронд фыд Тассо), Татьянæ Ашихминайæн (хъахъхъæнæг), Тимæ Пиналовайæн (Кир), Бирæгъты Рамаæн (Фæсдзæуинн), Владимир Ашихминæн (Æлдар). В. Ашихмины æлдар кæд фыдлæг у, уæд дæр æм иу хорздзинад ис — музыкалон аивад уарзы. Ролы ацы сæйраг ал хорз æрцахста артист æмæ йæ архайд уый алфамблай самадта. Æнтыст дæр уымæн бафтыд йæ къухы.

Сценограф Снежинка Гырковайы куыст аив, зæрдæмæдзæугæ у. Иууыл хуыздæр рауадысты змæлгæ денджызы уылæнтæ. Нæ театры техникон уавæртæ тынг къуындæг кæй сты, уымæ гæсгæ сценографы аивад фæлурсæй разынди. Спектакль хъуамæ уыдаид музыкалон. Уымæн æмæ литературон уацмыс дæр музыкæйы бындурыл сæвзæрди. Музыкæ æмæ вокалон хайæ хъæздыгдæр куы уыдаид спектакль, уæд ын чысыл театрдзаутæ тынгдæр бауæндыдаиккой йæ æцæгдзинадыл.

Спектакль райсыны рæстæджы фысымтæ фæсарæйнаг коллегæтæн æргомæй загътой сæ фиппаинæгтæ дæр. Фæсарæйнаг режиссертæй ирон сценæйыл спектакль фыццаг Ирæ Влахова сæвæрдта. Ирæйы спектакль «Цæргæсы айнæг» у Ирыстоны-фæсарæйнаг паддзахæдты театралон иудзинæдты фидар хид. Ацы хидыл æнусæй-æнустæм кæрæдзимæ рухс зæрдæтимæ цæуæдзысты ирон-фæсарæйнаг культурæ æмæ аивады минæвæрттæ.

ЧЕТИТЫ Рубен.

КЪАМЫ: спектакль «Цæргæсы айнæджы» архайджытæ Тимæ ПИНАЛОВА, СИХЪОТЫ Фиалæ, Татьянæ АШИХМИНА æмæ ПУХАТЫ Георгий.

ССР ЦÆДИСЫ 1990 АЗЫ ЧЕМПИОНАТ ФУТБОЛÆЙ

ФЫЦЦАГ КЪОРД

Хъæзтыты къæлиндар

ФЫЦЦАГ ЗЫЛД

6 апрелы

15 майы

«Кайрат» — «Шинник»

«Локомотив» Г. — «Дина-

хызт... Дæурыш, зæгъгæ, дам-иу постхæссæг сау писмо йæ дзыппы къуырригæйтмо йæ дзыппы къуырригæйттæ фæхаста, йæ зæрдæ йæ бадæттын нæ куымдта... Уæлдайдæр та-иу кæрты сывæллæттæ куы федта, уæд... æнахъом сидзæрты... Фæлæ уæддæр раджы уа — æрæджы, искуыдæрма хабарæн æнæ ахъæр, æнæ фехъусынгæнгæ уыд?..

...Быдираг хъæу. Бады хæдзары тъæхтиныл мад. Йæ бæоны куыстытæ бакодта. Бæды ирон сылгоймаг Замирæт æмæ йæ дыууæ фыртыл хъуыдыты адзæгъæл. Мад дам кæстæры фылдæр фæуарзы. Кæстæр Серæуыз ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы... Фæци каст цавæрдæр

хыл абадт æмæ йæ уый асъкæфта... Серæуызимæ кæстæйæ баззадыстæм йæ фæгæйæ... Додти уæлбæхæй ныхдыл... Додти уæлбæхæй ныххудт... Раст цыма ныр дæр мæ хъустыл йæ худт уайы...

Мад сыстад. Сæвæрдта фæстæмæ къам йæ бынаты
— Æлгъыст фæуæд сымах амондмæ йæ къух чи æрбакодта! Сидзæргæс ныййарджыты тæригъæд йæ фæдыл æфтыд фæуæд!

...Дуар æрбахостæуыд æмæ Замирæт уыцырдæм фездæхт. Цæмæндæр йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп æмæ дуары къуырцц-къуырцц баиу сты. «Куы ничи фæхойы... Чи хъуамæ уа?» — ус тъæхтиныл æрбадт.

гæнæй дзурæгау, тынг зынстæй райдыдта лейтенант. — Ныххатыр кæн... тынг зын у мæнæн йæ зæгъын...

Замирæты буары арвдзæфау æвваст цыдæр иннæргом... ахызт, фæлæ ма йæ уд æрдуйыл дарæгау афæрста:
— Цæф у? Уæззау цæф?.. Æви...

— Æнамонд хабар, — ста йæ худ лейтенант... — Додти фæмард...

Замирæты пæстытæ атартæ сты, зæрдæ риуы æнахуыр рæхуыст скодта æмæ тъæхтиныл æдыхæй æрбадт.
— Фæмард хъæбатырæй... — дзырдта дарддæр уæззау уац æрбахæссæг, фæлæ уы-

къамы цур æрæвæрдта. Фæкомкоммæ йæ размæ лæууæджы лæдзæгмæ... къахмæ... æнахуыр æмраст къахмæ... Риумæ... Хæра æрыгон цæсгом. Чи зоны, нуцæслæр ауад уый мад дæр йæ цæстытыл. Йе та лæппуйæн ауад йæ цæстытыл хи мад. Йæ уæззау цæфы хабары фæстæ.

— Цæй, сдзырдта цæуынæввонгæй лейтенант, — ныббар... æнамонд хабар дæм æрбахастон... — æмæ сабыргай араст.

— Фæлæуу! — фидарæй загъта ус æмæ йæм лæппу дисхуызæй бакаст.
— Æз... æппæтдæр куы

æхсызгон у дæ фенд, — æвваст алфамблай зæрдæрухсæй Серæуыз, фæлæ æвваст йе 'рфгуытæ фæтар сты. Æрцыд æнамонд хабар — фæмард хæсты йæ иунæг æфсымæр Додти. Йæ хорз зонгæ горæты военкоматы кусы... уый йын загъта... радта йæм гæххæтт дæр. Сау гæххæтт ныр къорд боны æмбæхсы, йæ сидзæргæс ма дæн æй куыд схъæр кæна? Уый адæргæй фæстиат кодта горæты дæр. Æрцыд ныр фыды ингæнмæ, арлæм, уымæн æй хъуамæ зæгъа... Зæгъдзæн ын ноджы хæрзбон...

(Уыдзæн ма)

...гайраг артисттæн. Уый размæ уыдон сæхимæ ахуыдтой «Сабин»-йы. Уый Кырджалимæ аласта Гайты Михалы драмон уацмысмæ гæсгæ арæзт спектакль «Амраны кадæг». Ирыстоны театры минæвæрттæ сæ рæсугъд аивадæй дисы бафтыдтой канд чысыл театрдзауты нæ, фæлæ фæсарæйнаг театралон критикты дæр. Болгарийы сæйраг газетты нымæхуыр кодтой æппæлæн рецензитæ.

Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, хуыздæр уыдаид, болгарийы сценæйыл спектакль ирон æвзагыл куы равдыстаиккой, уæд. Кырджалиаг театрдзау федтаид ирон сценикон уацмысы национ удыхъæд, оригиналондзинад.

Ирон — болгайраг, театралон хæлардзинад æнгомæй-æнгомдæр кæй кæны, уый хорз у. Æрæджы тагорæт Кырджалийы Филипп Филипповы номыл куклаты театры директор æмæ аи-

лæтæй дæр нæ тæрсы. Фæнды йæ адæмæн хорздзинад аразын. Спектаклы сæйраг архайæг музыкалон инструменттæй Нарты Ацæмæзау нæртон цагъд кæй кæны, афтæ тынг уымæн бауарзтой адæм Орфейы.

Хъæбулы уарзондзинад раргом кæнын æххæстæй йæ къухы нæ бафтыдис Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт артист Евгения Зубинайæн. Мад йæ фыртыл фембæлы уазал зæрдæимæ. Спектаклмæ кæсгæйæ Зубинайы сконд фæлгонцæй ахæм хатдзæг скæнæн ис: усæн йæ сæры хицау æнæниз уæд, æндæр хъæоулы тыхстдзинæдтæ уымæ хаугæ дæр нæ кæнынц. Царды ахæм ныййарджытæ къаддæр кæй ис, уый дызæрдыггаг нæу.

Спектаклы хуыздæр фæлгонцтæ саразын сæ бон бацис Цæгат Ирыстоны АССР-йы сгуыхт артист Пухаты Георгийæн (зæронд фыд

ди. Музыкæ æмæ вокалон хайæ хъæздыгдæр куы уыдаид спектакль, уæд ын чысыл театрдзаутæ тынгдæр бауæндыдаиккой йæ æцæгдзинадыл.

Спектакль райсыны рæстæджы фысымтæ фæсарæйнаг коллегæтæн æргомæй загътой сæ фиппаинæгтæ дæр. Фæсарæйнаг режисертæй ирон сценæйыл спектакль фыццаг Иræ Влахова сæвæрдта. Ирæйы спектакль «Цæргæсы айнæг» у Ирыстоны-фæсарæйнаг паддзахæдты театралон иудзинæдты фидар хид. Ацы хидыл æнусæй-æнустæм кæрæдзимæ рухс зæрдæтимæ цæудзысты ирон-фæсарæйнаг культурæ æмæ аивады минæвæрттæ.

ЧЕТИТЫ Рубен.

КЪАМЫ: спектакль «Цæргæсы айнæджы» архайджытæ Тимæ ПИНАЛОВА, СИХЪОТЫ Фиалæ, Татьянæ АШИХМИНА æмæ ПУХАТЫ Георгий.

ССР ЦÆДИСЫ 1990 АЗЫ ЧЕМПИОНАТ ФУТБОЛÆЙ

Хъæзтыты къæлиндар

ФЫЦЦАГ КЪОРД

6 апрелы
«Тирас» (Тирасполь) — «Геолог» (Тюмень)
7 апрелы
«Таврия» (Симферополь) «Шинник» (Ярославль)
«Кубань» (Краснодар) — «Локомотив» (Мæскуы)
«Динамо» (Сухум) — «Кузбасс» (Кемерово)
«Зенит» (Ленинград) — «Пахтакор» (Ташкент)
«Нефтчи» (Баку) — «Кайрат» (Алма-Ата)
«Металлург» (Запорожье) — «Динамо» (Ставрополь)
8 апрелы
«Нистру» (Кишинев) — «Ростсельмаш» (Ростов).
10 апрелы
«Факел» (Воронеж) — «Локомотив» (Горький)
«Таврия» — «Геолог»
«Тирасс» — «Шинник»
«Кубань» — «Кузбасс»
«Динамо» СХ — «Локомотив» М.
«Зенит» — «Кайрат»
«Нефтчи» — «Пахтакор»
11 апрелы
«Нистру» — «Динамо» Ст.
«Металлург» — «Ростсельмаш»
17 апрелы
«Ростсельмаш» — «Локомотив» Г.
«Динамо» Ст. — «Факел»
«Пахтакор» — «Нистру»
«Кайрат» — «Металлург»
«Кузбасс» — «Нефтчи»
«Геолог» — «Динамо» Сх.
«Шинник» — «Кубань»
«Спартак — «Таврия»
«Котайк» — «Тирас»
20 апрелы
«Ростсельмаш» — «Факел»
«Динамо» Ст. — «Локомотив» Г.
«Пахтакор» — «Металлург»
«Кайрат» — «Нистру»
«Локомотив» М. — «Нефтчи»
«Кузбасс» — «Зенит»
«Геолог» — «Кубань»
«Шинник» — «Динамо» Сх.
«Спартак» — «Тирас»
«Котайк» — «Таврия»
26 апрелы
«Кубань» — «Котайк»
«Динамо» Сх. — «Спартак»
«Нистру» — «Локомотив» М.
«Металлург» — «Кузбасс»
«Локомотив» Г. — «Пахтакор»
«Факел» — «Кайрат»
«Ростсельмаш» — «Динамо» Ст.
29 апрелы
«Кубань» — «Спартак»
«Динамо» Сх. — «Котайк»
«Зенит» — «Шинник»
«Нефтчи» — «Геолог»
«Нистру» — «Кузбасс»
«Металлург» — «Локомотив» М.
«Локомотив» Г. — «Кайрат»
«Факел» — «Пахтакор»
6 майы
«Пахтакор» — «Динамо» Ст.
«Кайрат» — «Ростсельмаш»
«Локомотив» М. — «Локомотив» Г.
«Кузбасс» — «Факел»
«Геолог» — «Нистру»
«Шинник» — «Металлург»
«Спартак» — «Зенит»
«Котайк» — «Нефтчи»
9 майы
«Тирас» — «Таврия»
«Пахтакор» — «Ростсельмаш»
«Кайрат» — «Динамо» Ст.
«Локомотив» М. — «Факел»
«Кузбасс» — «Локомотив» Г.
«Геолог» — «Металлург»
«Шинник» — «Нистру»
«Спартак» — «Нефтчи»
«Котайк» — «Зенит»
14 майы
«Ростсельмаш» — «Кузбасс»
«Динамо» Ст. — «Локомотив» М.
15 майы
«Кайрат» — «Пахтакор»
16 майы
«Кубань» — «Таврия»
«Динамо» Сх. — «Тирас»
«Нистру» — «Котайк»
«Металлург» — «Спартак»
«Локомотив» Г. — «Геолог»
«Факел» — «Шинник»
17 майы
«Ростсельмаш» — «Локомотив» М.
«Динамо» Ст. — «Кузбасс»
19 майы
«Кубань» — «Тирас»
«Динамо» Сх. — «Таврия»
«Нистру» — «Спартак»
«Металлург» — «Котайк»
«Локомотив» Г. — «Шинник»
«Факел» — «Геолог»
26 майы
«Кузбасс» — «Кайрат»
«Геолог» — «Ростсельмаш»
«Шинник» — «Динамо» Ст.
«Спартак» — «Факел»
«Котайк» — «Локомотив» Г.
29 майы
«Динамо» Сх. — «Кубань»
«Геолог» — «Динамо» Ст.
«Шинник» — «Ростсельмаш»
«Спартак» — «Локомотив» Г.
«Котайк» — «Факел»
30 майы
«Таврия» — «Нефтчи»
«Тирас» — «Зенит»
«Локомотив» М. — «Кайрат»
«Кузбасс» — «Пахтакор»
2 июны
«Локомотив» М. — «Пахтакор»
4 июны
«Зенит» — «Кубань»
«Нефтчи» — «Динамо» Сх.
«Нистру» — «Тирас»
«Металлург» — «Таврия»
«Ростсельмаш» — «Спартак»
«Динамо» Ст. — «Котайк»
«Кайрат» — «Шинник»
7 июны
«Зенит» — «Динамо» Сх.
«Нефтчи» — «Кубань»
«Нистру» — «Таврия»
«Металлург» — «Тирас»
«Ростсельмаш» — «Котайк»
«Динамо» Ст. — «Спартак»
«Пахтакор» — «Шинник»
«Кайрат» — «Геолог»
«Кузбасс» — «Локомотив» М.
10 июны
«Пахтакор» — «Геолог»
«Локомотив» М. — «Зенит»
14 июны
«Таврия» — «Локомотив» Г.
«Тирас» — «Факел»
«Кубань» — «Нистру»
«Динамо» Сх. — «Металлург»
«Геолог» — «Локомотив» М.
«Шинник» — «Кузбасс»
«Спартак» — «Пахтакор»
«Котайк» — «Кайрат»
«Зенит» — «Нефтчи»
17 июны
«Таврия» — «Факел»
«Тирас» — «Локомотив» Г.
«Кубань» — «Металлург»
«Динамо» Сх. — «Нистру»
«Геолог» — «Кузбасс»
«Шинник» — «Локомотив» М
«Спартак» — «Кайрат»
«Котайк» — «Пахтакор»
21 июны
«Зенит» — «Геолог»
«Нефтчи» — «Шинник
24 июны
«Нистру» — «Нефтчи»
«Металлург» — «Зенит»
«Локомотив» Г. — «Кубань»
«Факел» — «Динамо» Сх.
«Ростсельмаш» — «Тирас»
«Динамо» Ст. — «Таврия»
«Локомотив» М. — «Котайк»
«Кузбасс» — «Спартак»
«Шинник» — «Геолог»
27 июны
«Нистру» — «Зенит»
«Металлург» — «Нефтчи»

ФЫЦЦАГ ЗЫЛД

«Локомотив» Г. — «Динамо» Сх.
«Факел» — «Кубань»
«Ростсельмаш» — «Таврия»
«Динамо» Ст. — «Тирас»
«Локомотив» М. — «Спартак»
«Кузбасс» — «Котайк»
2 июлы
«Таврия» — «Кайрат»
«Тирас» — «Пахтакор»
«Кубань» — «Ростсельмаш»
«Динамо» Сх. — «Динамо» Ст.
«Зенит» — «Локомотив» Г.
«Нефтчи» — «Факел»
«Металлург» — «Нистру»
«Спартак» — «Геолог»
«Котайк» — «Шинник»
5 июлы
«Таврия» — «Пахтакор»
«Тирас» — «Кайрат»
«Кубань» — «Динамо» Ст.
«Динамо» Сх. — «Ростсельмаш»
«Зенит» — «Факел»
«Нефтчи» — «Локомотив» Г.
«Спартак» — «Шинник»
«Котайк» — «Геолог»
10 июлы
«Локомотив» М. — «Таврия»
11 июлы
«Локомотив» Г. — «Нистру»
«Факел» — «Металлург»
«Ростсельмаш» — «Нефтчи»
«Динамо» Ст. — «Зенит»
«Пахтакор» — «Кубань»
«Кайрат» — «Динамо» Сх.
«Кузбасс» — «Тирас»
«Котайк» — «Спартак»
14 июлы
«Локомотив» Г. — «Металлург»
«Факел» — «Нистру»
«Ростсельмаш» — «Зенит»
«Динамо» Ст. — «Нефтчи»
«Пахтакор» — Динамо» Ст.
«Кайрат» — «Кубань»
«Локомотив» М. — «Тирас»
«Кузбасс» — «Таврия»

Газет
Социалистическая ОСЕТИЯ
мыхуыр кæны

Номыр байгом аразæг Владимир Гайворонскийы статьяйæ.

Газет мыхуыр кæны æрмæг депутаттæм кандидатимæ фембæлдтыты, уалдзыгон быдырон куыстыты, коммунистон зиумæ цæттæ кæныны тыххæй, Литвайы уавæры фæдыл фыссæг Тотраты Русланимæ ныхас, Гуытъиаты Л. æрмæг «Фæнды сæ машинæйæ дæр сис»...

Горæты алыхуызон кооперативты минæвæртты æмбырды тыххæй фыст у уацхæссæг Хетæгкаты Тамарæйы æрмæг.

Номыры ма бакæсæн ис «Сгуыхтдзинады эстафетæ», Дзуццаты Эльбрусы æрмæг ахуыргæнæджы профессион дæсныдзинады тыххæй, цыбыр уацхъуыдтæ.

БОНЫХЪÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 5 апрелы нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы 13—18 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы — 14—16 градусы хъарм.

САБИТЫ ХЪÆЗТЫТЫ ЧИНЫГ

«Подвижные детские игры народов СССР» — афтæ хуыйны Мæскуыйы рауагъдад «Просвещение» цы чиныг рауагъта, уый. Сарæзта йæ Александр Кенеман. Чиныджы ис 300 хуызы хъæзтытæ. Уыдон сты цæдисон æмæ автономон республикæты цæрæг нациты хъæзтытæ. Ацы хъæзтытæ сабитæн хæссынц æхцондзинад, зæрдæрухс, фидар сын кæнынц сæ æнæниздзинад. ССР Цæдисы адæмты хъæзтытæ сабитæм гуырын кæнынц патриотизмы æнкъарæнтæ Фыдыбæстæмæ, хорз ахъаз сты алы нациты сабиты хæлардзинад фидар кæнынæн.

Нæ бæстæйы сабитæ стыр æхсызгонæй базонгæ уыдзысты ирон хъæзтытимæ: «Бæндæн ивазын», «Тохси»...

Л. АЛЕНКИН,
г. Мæскуы.

РЕДАКТОР ХЪЕСАТЫ В.

ГОРÆТЫ ЭЛЕКТРОН ТЫХДÆТТÆНТÆ

Курынц куыстуæтты æмæ организациты, кооперативты разамонджытæй, стæй горæт Орджоникидзейы æмæ горæтмæ хæстæг цы хъæутæ æмæ поселоктæ ис, уыдоны цæрджытæй, цæмæй электрон рухсы тыххæй фидой алы мæйы фыццаг 20 боны дæргъы. Æфснайæн банктæй æмæ машинæтæй нымайæн бюройæ та курынц, цæмæй афоныл цæттæ кæной документтæ æмæ, цы æхцатæ райсынц, уыдон рæстæгыл æрвитой Жилсоцбанчы управленимæ ахæм хыгъдыл: 508129.

Йæ хæстæ афоныл чи нæ фида, уыцы абоненттæн электрон тых лæвæрд нал цæудзæн.

КÆМ? КÆД? ЦЫ?

Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театр
5-æм апрелы — **«Зæлийы чындзытæ».**
6-7-æм апрелы — **«Пæсæйы фæндон».**
8-æм апрелы — **«Хазби».**
Спектаклтæ райдайдзысты изæры авд сахатыл.

362015 — ЦИАССР, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.
ХАЙÆДТÆ:
◆ Партион-идеологон куыст — 5 36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырн тæ — фондз хатты.
Индекс — 53901.
2

ЕИ 00945
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ 187

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи. 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.